

Serie No. 958 b

f 0.30

SETYA RADJA

ROMAN TIONGHOA

BABON SAKING KITA LEIDEN.

DJILID III



BALE POESTAKA

31

—

BATAVIA-CENTRUM

Serie No. 958 b

SETYA RADJA

ROMAN TIONGHOA

BABON SAKING KITA LEIDEN.

DJILID III



BALÉ POESTAKA — 1931 — BATAVIA-CENTRUM

*Wewenangipoen ingkang ngarang kaajoman
mitoeroet bab 11 ing Angger ingkang
kapatjak ing Staatsblad 1912 No. 600*

XXVIII. Sik Ting San kepanggih kalijan iboenipoen.

27. Megatroeh.

Wroehanira Sik Ting San mengko soen toendoeng, moedoena sira dèn aglis, maring ngartja-pada koeloep, woes lami anèng soewargi, tan kalilan mring hjang Manon.

Mapan sira woes soen wedjang ngèlmoe poetoës, miwah solahing adjoerit, tanapi tangkeping lawoeng, dantan koetjiwa sirèki, soen paringi djimat kaot.

Garisira ngembani mring Tong Tya praboe, samengko praboe Li Si Bin, kabéka lagja kinempoeng, miwah ramakmoe Djin Koe Wi, wit moengsoeh lawan Sa Po Tong.

Kenèng djimat tjèngkrèngé Sa Po Tong ampoeh, nandang kanin woes sawarsi, sira toemoeroena goepoeh, sepisan toeloeng Nrepati, lan toeloeng rama ketaton.

Kaping kalih dadi bebantening poepoeh, miloe ngrata Sé Ljang boemi, Sa Po Tong iki pinoendjoel, gawé roesaké wadya lit, kena sikoéné hjang Manon.

Amoeng sira moengsoehé Sa Po Tong ikoe, ingkang kelar njembadani, angsal wirjané sang Praboe, dadi marganing kamoektin." Sik Ting San matoer angépon:

„Koela noewoen tan téga ninggal poekoeloen, pedjah gesang atoet woeri." Sik Ting San noengkemi soekoe, mangaras pada anangis, Ong Ga Lo Tja lingnja alon:

Lah roengoenen hé Ting San joganing oeloen, toeroeten oedjarkoe kaki, dalané moekti sirèkoe, saoeðoenira ing béndjing, sira noelja manggih djoðo.

Djoðonira bakal prawira toer ajoe, anglir péndah widadari, kapinðo noeloengi Praboe, ambangkat karja negari, jèn sira nedya angépon.

Dadi sira lali rama miwah Praboe, doedoe satrija pradjoerit, kapinðo tan rabi ajoe." Sik Ting San matoer ngabekti: „Koela boten matoer mopo.

Amoeng koela tan sembada andon poepoeh, digdaja dèrèng ngranggoni, menawi niwasi kéwoeh, nglingsemken padoeka resi." Hjang Ong Ga Lo Tja lingnja lon:

„Ija bener oedjarira poetoeningsoen, saka doeroeng ngong toetoeri, koewasané djimat loehoeng, kang soen paringken sirèki, marma roengokna samengko.

Klambi keré miwah kopjah bisa tegoeh, jèn kinarja mangsah djoerit, déné kasoet Li Tjoe Wi Hoen, ikoe koewasané kaki, ngembara lan maroeta wor.

Lan Goen Li Kjam pedang lintjip paringingsoen, tegoeh loepoet sakèh wesi. Jan Boe Pi tjemeti ampoeh, lamoen kinarja anggitik, nadyan séla ija losoh.

Mjang djemparing ija katah pamrihipoen, jèn pengabaran nekani, djemparing gawénen metoek, djedjimat barang sekalir, sirna déning panah kaot.

Ikoe kabèh bebrekaté déwa agoeng, soepaja sira ngembani, pan djenengé Tong Tya toeroen. Kembang djaja moelja iki, tambakna ramakmoe mengko.

Lamoen sira woes ngrasoek djimat sedaroem, bisa ngrata Sé Ljang béndjing, woes mangkata poetoeningsoen." Ting San sandika gja pamit, woes ngrasoek boesana kaot.

Ong Ga Lo Tja andikané manis aroem: „Soen idèni poetoemami, karsané beṭara agoeng, adjana sira wetjani, ing artja-pada maring wong.”

Ting San matoer: „Lampah koela napa ndjoedjoeg, mring pajoedan nempoeh baris?" Ong Ga Lo Tja ngandika roem: „Ndjoedjoega dalem pribadi, Hong Tjoe Hoe dalem moe kaot.

Jèn woes prapta kepanggih lawan iboemoe, bandjoera maring negari, séba pangran dipatyèkoe, sajembarané tinoelis, samboeten lajangé Katong.”

Amit nembah Sik Ting San sigra amoendoer. Ong Ga Lo Tja ngandika ris: „Kembang djaja moelja ikoe, tambakna ramakmoe kanin, dimèn waras adja mopo.”

Njandak lawoeng nitih sembrani gja mamproeng, Sik Ting San awor lan angin, lampahnja sakedap rawoeh, ing Hong Tjoe Hoe dalem nèki, kandeg nèng djawining régol.

Mangoe-mangoe Sik Ting San mitjarèng kalboe:
 „Soen doega ija poeniki, kangdjeng rama dalemipoen,
 sawabé radja pradjoerit, rama djoemeneng Ping Lja
 Ong.”

Jata ingkang djaga dalem sampoen sepoe, anenggih
 nami sang Sik Djing, doek kala Sik Ting San timoer,
 Sik Djing nggènja atoet woeri, tan samar mring sang
 wiranon.

Sareng midjil djawi kori mingak-mingoek, dangoe-
 dangoe matoer aris: „Doeh bendara goestingsoen, di-
 ngin bendara woes lalis, kena djemparing kinaot.

Ndika kantoen goesti ngong matoer kang iboe.” Sik
 Ting San ngandika aris: „Ija paman dèn agoepoeh, ma-
 toera jèn ingsoen prapti, saking ing predéwan ingong.”

Gja loemajoe Sik Djing mandjing dalem poengkoer.
 Kotjapa waoe sang dèwi, garwa Djin Koe Wi nè-
 sepoe, pinarak ing dalem poeri, kesaroe Sik Djing
 doemrodjog.

Nembah matoer: „Doeh goesti koesoemaning roem,
 poetra padoeka sang pekik, Sik Ting San kang sam-
 poen moeroet, mangké wangsoel gesang malih, antoek
 pitoeloenging Manon.

Arsa sowan ngarsa-padoeka sang ajoe, ngentosi nèng
 djawi kori.” Sang retna kagèt sroe moewoes: „Apa ta
 temen sirèki? adja sira matoer goroh.

Sik Djing matoer: „Èstoe koela datan pandoeng, njata poetranta ndjelantir, nglangkoengi doek lagja timoer, woewoeh bagoesé respati.” Sang Dyah mèsèm ngandikalon:

„Agé Sik Djin timbalana poetraningsoen.” Sang Sik Djing loemajoe nggendring, nimbali dateng sang bagoes: „Soemangga bendara mandjing, ingkang iboe ngantos-antos.”

Sigra méntar Sik Ting San mandjing mring poengkoer, kang iboe kalih ningali: „Njata poetraningsoen kakoeng, oewoes pisah pitoeng warsi, kala pedjah manah bango.”

Iboe kalih karoena sarwi amoewoes: „Aðoeh Ting San poeta mami, sira moesna pitoeng taoen, lah saka ngendi sirèki? toetoera nggènira manggon.”

Ting San matoer tansah sarwi ngrangkoel soekoe: „Doeh iboe koela roemijin, manah peksi wonten goenoeng rama kelintoe nglepasi, poen Ting San pedjah sajektos.

Noenten sang hjang Ong Ga Lo Tja ingkang njamboet, oetoesan sima ing swargi, koenarpa koela pinoendoet, ladjeng dipoen goegah oerip, winoelang kasektèn kaot.

Anggegoelang tangkeping prang pitoeng taoen, ing mangké dawoeh mring mami, koela kinèn gja tetoeloeng,

toemoeroen ndjoedjoeg negari, séba pangran dipatya-
nom.

Dawoehipoen hjang Ong Ga Lo Tja mring oeloen,
Sinoewoen kinepoeng mangkin, miwah rama nandang
tatoe, amoengsoeh Sa Po Tong djoelig, djimatipoen
tjèngkrèng mandos.

Tjèngkrèng waoe kang ngenani rama tatoe, koela
kinèn anoeloengi, nèng bètèng kinepoeng wakoel, asé-
ba iboe roemijin, soepados iboe mangretos.

Noenten koela mring negara kangdjeng iboe, ang-
lebeti pasang-giri, wit dawoehé hjang poekoeloen, njé-
napatèni pradjoerit, énggal noeloengi sang Katong."

XXIX. Sik Ting San dateng Tong Tya nglebeti
sajembara.

28. Sinom.

Sang retna alon ngandika: „Aðoeh Ting San poetra-
mami, mapan sira binetjikan, marang goeroenira jekti,
hjang Ong Ga Lo Tja asih, marang sira doeh wong
bagoes, apa sira walesna, kapindo kang gawé betjik,
mangsa ana kang kaja hjang Ong Ga Lo Tja.”

Kotjapa waoe Sik Kim Ljan, poetri adi ajoe loewih,
poetrané Djin Koe Wi kenja, dasar wasis njoelam
njoengging, kinasih Sing Bo dèwi, winedjang sakèhing

ngèlmoe, ing rèh kapradjoeritan, woes poetoës soera ing wèsti, tan koetjiwa dadi poetra sénapatya.

Nèng lotèng njoelam rasoekan, miarsa kang raka prapti, tan samar soewaranira, Sik Kim Ljan toemoe-roen aglis, ndoeloe jèn raka jekti, Sik Kim Ljan sigra angrangkoel, karoena sarwi modjar: „Aðoeh kakang sampoen lami, pisah koela lan ndika woes pitoeng warsa.”

Dangoe dènja rerangkoelan, Sik Ting San angarih-arìh, soeka kang sami miarsa, déné noegraha sajekti, sigeg kang sami panggih, ni anèm ngandika aroem: „Poetraningsoen Sik Ting San, pajo pada kemboel boek-ti. Hèh bok inja rampadan agé wedalna.”

Dahar moenggèng dalem woentat, Sik Ting San lan iboe kalih, nginoem doemoegi satengah, dèwi Li Joe ngandika ris, sarwi lotjana midjil: „Ingsoen mireng wartanipoen, wadya Sé Ljang digdaja, katah pradjoerit linoewih, marmanira ramakmoe anandang brana.

Pedjah gesang doeroeng wikan, paran nggonkoe tan prihatin, tjegah dahar tjegah néndra, doeroeng terang ingkang warti.” Ting San toemoeroen aglis, ngerangkoel soekoening iboe, noengkemi sroe karoena, noelja matoer ngarih-arìh: „Dipoen étja djeng iboe sampoen soengkawa.

Béndjing-éndjing mring negara, medali ing pasang-

giri, noelja ngirid wadya-bala, noeloengi mring rama kanin." Kang iboe anaeri: „Sira mring negara sésoek, ingsoen koeloep toet woentat, adja kari nandang sedih." Ting San matoer: „Doeh iboe inggih soemangga."

Kim Ljan matoer mring kang raka: „Kangmas ndika soen toeteri, koela mesti toemoet pindah, noeloengi mring rama kanin, wit sadjatiné mami, pinoendoet hjang Sing Bo ajoe, winedjang ngèlmoe njata, pinaringan dji-mat loewih, jèn winatek bisa abala njiloeman.

Senadyan moengsoeh digdaja, ngadepna moengsoeh saket, pan koela adjrih poenapa, tanding lan wong Sé Ljang béndjing." Ting San mèsèm naoeri: „Njata sira nora mentjoel, pajo mèloea pisan, toeloeng rama lan Nrepati." Iboe anèm pinasrahan dalem poera.

Ing daloe sigra memekas, iboe anèm dèn pasrahi, éndjing samja dandan mangkat, Sik Ting San nitih toeranggi, kang iboe nitih djoli, ni Kim Ljan angagem lawoeng, ngrasoek kapradjoeritan, wahana koeda mantesi, sigra midjil saking kori Ljong Mi Koe Dan.

Ing margi datan winarna, woes mandjing djroning negari, ndjoedjoeg aloen-aloen sigra, soepenoeh wadya geladi, pra samja adjar djoerit, sajembra kang ginantoeng, oeniné lajang oendang: „Sapa wongé kang nja-goehi, dadi sénapatiné wadya poenggawa.

Mbantoni djeng rama Nata, kinepoeng nèng Sé Ljang

boemi, ageng gagandjaranira, Dji Lag Wan Swé ingkang linggih, lamoen mbangkit ing kardi, djoemeneng satoeroen-toeroen." Sik Ting San sareng moelat, maring oengelé kang toelis, gja ginajoeh poenang oendang dipoen tjandak.

Mantri djaga sareng moelat, sajembara woes kape-til, mring satrija lagja prapta, mantri djaga sigra nggendring, matoer pangran Dyah Ko Kim: „Aðoeh goesti koela noewoen, wonten satrija prapta, warnanipoen anom pekik, ladjeng mleboe sajembara ngambil oendang.”

Dyah Ko Kim sareng miarsa, kinèn ngambili toeranggi, noelja tedak sang pangéran, nitih koeda tjina-meti, koeda loemajoe nggendring, woes prapta ing aloen-aloen, ndjoedjoeg nggèning satrija, ingkang moepoe pasanggiri, sareng ndoengkap ndoeloe Sik Ting San djatmika.

Tjahja goemawang lir woelan, toehoe datan ngoetjiwani, pangéran dyah Ko Kim modjar: „Koeloep sira saka ngendi? angambil pasanggiri, oendangé sang radja soenoe, apa kadibjanira? déné sira koemawani, jèn tan mbangkit pesti gedé oekoemanja.”

Sik Ting San matoer wotsekar: „Koela noewoen kangdjeng kjai, jèn ndangoe widjilan koela, ing Hong Tjjoe Hoe wisma mami, jèn soedi kang mestani, Sik

Ting San panengran oeloen." Dyah Ko Kim sareng mjarsa, jèn ikoe ngakoe wong sèh Sik, ngoenandika: „Baja anak sénapatya?"

Pangéran Dyah Ko Kim modjar: „Kaprenah apa si-rèki, lan Ping Lja Ong sénapatya? déné angakoe wong sèh Sik." Ting San matoer ngabekti: „Koela anakipoen djaloe, ingkang anom wanita, Sik Kim Ljan namané Kjai, kangdjeng iboe inggih toemoet lampah koela."

Dyah Ko Kim kagèt miarsa: „Iboemoe mengko nèng ngendi?" Sik Ting San matoer wotsekar: „Wonten kori bètèng djawi." Dyah Ko Kim asroe angling: „Atoerana dipoen goepoeh, pajo mring dalemwang, pagéné iboemoe kari, teka nora gelem ndjoedjoeg dalemwang?"

Sik Ting San kinanti sigra, kondoor mring dalemé noeli, sapraptané dalemira, Dyah Ko Kim ngoewoeh nimbali, para emban mjang selir, Dyah Ko Kim ngandika asroe: „Pada sira mrénéa, dèrèkna satrija iki, ametoeka iboené kang anèng djaba.

Sang koesoema atoerana, anèng kori bètèng djawi." Toer sandika para emban. Sik Ting San sigra loemaris, tan dangoe noelja prapti, ingkang iboe dèwi Li Joe, miwah arinja kenja, dèwi Kim Ljan poetri adi, sang pangéran Dyah Ko Kim soeka ngandika:

„Pajo kaki pada séba, lan poen éjang mandjing poeri,

aséba pangran dipatya, adja kongsi lami-lami, mban-toni mring Nrepati, sawab ikoe karja preloe." Noelja sami loemampah, Sik Ting San lawan Dyah Ko Kim, mandjing poera pangran dipati pinarak.

Dyah Ko Kim matoer wotsekar: „Doeh anggèr atoer oedani, mangké angsal sajembara, ingkang metik pasangiri, Sik Ting San ingkang nami, satrija anom poenikoe, poetrané Pang Lja radja." Pangéran dipati angling: „Hèh satrija poetrané wa sénapatya.

Apa kadigdajanira, wani metik pasanggiri?" Sik Ting San matoer wotsekar: „Koela noewoen kangdjeng goes-ti, èstoe kadoeta mami, mring hjang Ong Ga Lo Tja oeloen, pitoeng warsa nèng swarga, winedjang salwiring ngèlmi, saha malih koela pinaringan djimat.

Dawahipoen dateng koela, rama ngloeroeg nandang kanin, moengsoeh Sa Po Tong So Jang Sjah, djimati-poen langkoeng mandi, ing mangké Sriboepati, nèng djro bètèng woes kinepoeng, marma koela dinoeta, la-djeng metil pasanggiri, djrih poenapa nadyan wong Sé Ljang digdaja."

Pangéran dipati moelat, ngartika sadjroning galih: „Njata jèn bagoes djatmika, warnané lir péndah sasi." Soeka pangran dipati, ngandikané manis aroem: „Doeh kakang Ting San sira, samengko ingsoen pasrahi, dadi ladjer Dji Lag Wan Swé ngadilaga.

Sénapati adining prang, soelihé oewa Djin Koe Wi." Sигра pangéran dipatya, njandak gelas isi awis, sarwi ngandika manis: „Manira paring sirèkoe, salamet ti-gang gelas, moegi-moegi mbangkat kardi, bisa toeloeng rama Praboe nèng kepoengan."

Sik Ting San nampani gelas, inginoem ping tiga en-ting, Dyah Ko Kim matoer wotsekar: „Noewoen ang-gèr dipoen aglis, pandjenengan dawoehi, pra sentana ingkang kantoen, kinèn sadija dandan, béndjing-éndjing patjak baris, mbantoe joeda oepami dandang dahana.

XXX. Sik Ting San prang kalijan dèwi Ta Swan Tong, ing redi Ki Poe Wah.

29. Dandanggoela.

Woes kedangon waoe Sriboepati, ngarsa-arsa be-bantoe praptanja." Pangéran dipati anèm, dawah mring mantri toegoer: „Dawoehena paréntah-mami, mring para poeta-poetra, adja na kang kantoen, konen dandañ pradjoeritan, béndjing-éndjing mangkat mban-toni ramadji." Mantri djaga mit nembah.

Djeng pangéran ngedaton toemoeli, ing paséban poenggawa boebaran, mantri moendi timbalané, woes doemawoeh sadaroem, para poeta-poetra pradjoerit, sadaloe aboesekan, dandan koeda lawoeng, miwah wa-dya-bala tata, sangoe-sangoe sadaja samja tjoemawis, bjar rahina tengara.

Sigra moentab wadya-bala midjil, bèr soepenoeh ngaloen-aloen aglar, gendéra lelajoe tèrèk, pra poetra moenggèng ngajoen, nitih koeda anata baris, Lo Dong lan Oe Ti Djing San, Dyah Djwan Tong poenikoe, Sik Ting San ngrasoek boesana, kapraboné boesana saking soewargi, paringé Ong Ga Lo Tja.

Nitih koeda ngagem toembak ekik, sigra midjil gendéra tjirinja, moeni Dji Lag Wan Swé radjèng, ladjeng mring ngaloen-aloen, angoebengi wadya kang baris, pra poetra atoer salam, Ting San ngandika roem: „Oe Ti Djing San soen tanggenah, ndjenengana lampahé sangoe pradjoerit, kang prajitna ing marga.

Djengandika pangran Lo Dong singgih, kang prajoga dados tjoetjoek joeda, ngirid saketè balané, Dyah Djwan Tong moenggèng ngajoen, andjenengi pakèwed margi, wadoeng pétjok lan tatah, patjoel adja kantoen.” Kang kinèn sendika tata, noelja nembang tengara bèri tinitir, moentab baris soemahab.

Tigang ketè tjatjahé wadya lit, lija ingkang wahana toerangga. Ting San Dji Lag Wan Swé radjèng, oermat mretjon ping teloe, sénapati Ting San ing woeri, miwah Dyah Ko Kim pangran, nenggih djadjaripoen, ariné ni dèwi Kim Ljan, miwah iboe dèwi Li Joe anèng woeri, gendéra warna-warna.

Tan kawarna lampahirèng margi, lamoen daloe ma-

koewon mbelabar, sijang loemampah barisé. Genti ingkang winoewoes, wonten goenoeng djawi nagari, nami Ki Poe Wah arga, langkoeng déning loehoer, wonten koesoema taliban, wisma nggoenoeng dingin toeroené To Kjan Tik, inggih pradjoerit Tong Tya.

Poetra kalih djaloe lawan èstri, ingkang djaloe Ta It Ha namanja, dèwi Ta Swan Tong ariné, poetri ajoe pinoendjoel, kinasihan hjang Sing Bo dèwi, Ta It Ha ingkang raka, soedirèng pakéwoeh, bisa ngambah djro pratala, dingin dadya sekabatipoen kinasih, mring sanghjang Ong Swan Lo Tja.

Balanipoen éwon-éwon djoelig, wisma nggoenoeng Ki Poe Wah aranja, asring mbebégal karjané, djoemeng bénggol nggoenoeng, kinèringan ing mantja woekir, Ta It Ha étja lenggah, moenggèng soring kajoe, kagèt ningali gendéra, saking tebih katingal baris loemaris, katon saking ngaldaka.

Sang Ta It Ha waspada ningali, ingkang woeri pradjoerit wanita, kelangkoeng éndah warnané, tan ngéman gaman agoeng, sedyanipoen mbégal sang poetri, ngatag mring wadyanira: „Pajo pada medoen, angadangi baris ika.” Sigra tjantjoet wadya-bala medoen aglis, Ta It Ha moenggèng ngarsa.

Tanpa koeda sikep pentoeng wesi, sigra mapag barisan mring ngarsa, Ta It Ha asroe woewoesé: „Baris

ngendi loemakoe? wani-wani ngambah ing ardi, tanpa nemboeng lan ingwang, lah pira béjamoe? tinggala dinar roepijah, jèn tan ana poetrimoe atoerna mami, sira bisa loemampah.

Jèn tan soeka kabèh ja bilai." Pangran Lo Dong bramaty miarsa, anoelja naradjang agé, Ta It Ha nangkis pentoeng, bentik toembak lan pentoeng wesi, Ta It Ha nadyan rosa, soedira pinoendjoel, amoengsoeh Lo Dong digdaja, ngiwa nengen Ta It Ha kasoran djoerit, karinget adres medal.

Dasar rosa Lo Dong pilih tanding, sang Ta It Ha sajah koewalahan, mandjing pratala sira gé, Lo Dong gawok andoeloe, goepoeh moelat kanan lan kéri, Lo Dong asroe watjana: „Menjang ngendi moengsoeh? gedéné amoeng sabotjah, asoe katé koemawawa wani mami." Wadya gawok sadaja.

Balanira boebar ngoengsi woekir, Lo Dong angling: „Pajo pada moenggah, ingobongan pakoewoné, jèn wong dagang loemakoe, nora ana bégalan malih." Lo Dong ngetap toerangga, nedya moenggah goenoeng, ngirid tigang èwoe bala. Genti waoe dèwi Ta Swan Tong winarni, lagja étja pinarak.

Pan kasaroe wadya-bala ngoengsi, asroe matoer: „Doeh goesti sang retna, rakanta kadjoði anggèr, ngadangi gaman agoeng, saking Tong Tya baris kang

prapti, rakanta moendoet béja, wonten ladjeripoen, kelangkoeng prakosanira, ladjeng tempoeh tanding lan rakanta djoerit, rakanta kang kasoran.

Sampoen mandjing mring pratata njingkrih, nanging mangké moengsoeh minggah arga, kadospoendi goesti anggèr?" Sang dyah kagèt sroe moewoes: „Kambilana toerangga mami." Ngatag wadya wanita, sigra dandan goepoeh, pradjoerit èstri sadaja, taoe taté ginoelang ontjlang djemparing, sang dyah ngrasoek boesana.

Ngagem pedang pangantèn sasoepit, paringané sanghjang Sing Bo retina, nitih toerangga gé-agé, toemoeroen saking goenoeng, Lo Dong tebih toemenga angling: „Ika wanodya apa? moedoen saking goenoeng, roepané ajoe prasadja, apa nggoða, ingsoen nora mélik èstri." Sang retina noelja mapag.

Sarwi angling soewara roem manis: „Hèh satrija sira arsa moenggah, apa nedya dol koewanèn? pajo tanding lan ingsoen." Ri sang arja Lo Dong miarsi, goemoejoe latah-latah: „Getoen ingsoen ndoeloe, roepamoe ajoe prasadja, ndadak sira arsa tanding lawan mami, mangsa koerang djedjaka.

Ija pajo soen gawa sirèki, soen atoerké sénapatiningwang, Sik Ting San bagoes roepané, kinarja selir partoet." Sang retnajoe Ta Swan Tong angling: „Asoe moengsoeh keparat, jwa kakéhan woewoes, tadahana

pedanggingwang." Ngetap koeda sang ajoe naradjang wani, Lo Dong prajitna panggah.

Asroe medang tinangkis aririh, nanging antep tibané kang pedang, Lo Dong kagèt panangkisé: „Rosa sira wong ajoe, nora kena disembranani." Lo Dong bramatya ngembat, lawoengipoen pengkoeh, ramé genti tangkis lawan, asroe medang asroe bentik asroe njingkrih, sang dyah nginger toerangga.

Asroe medang lawoengnja soemingkir, sigra moendoer toerangga loemadjar, sarwi asroe andikané: „Ingsoen tan kelar moengsoeh, njata rosa sira pradjoerit." Lo Dong sigra trengginas, ngetap koedanipoen, noetoetikoeda loemadjar, retna dèwi ningali soeka djro ngati, sarwi nggagapi djimat.

Warna soetra sakelinden moentir, paringané sanghjang Sing Bo retna, mring tawang sinawataké, tjomalorot lir ndaroe, aglis moelet Lo Dong woes keni, asta kalih binesta, Lo Dong pan soemapoet, gja niba saking toerangga, wadya nggoenoeng trangginas njandak toemoeli, ginotong moenggah ngarga.

Wadya èstri nglepasi djemparing, balanipoen pangran Lo Dong boebar, ngoengsi mring barisan gedé, matoer mring radjasoenoe: „Aðoeh goesti tiwas ing djoerit, pangran Lo Dong kabesta, moengsoeh èstri ajoe, dji-

matipoen soetra abang, jèn binoetjal lir kilat baroeng lan tatit, ladjeng moelet tan obah.

Mangké teksih ngadangi nèng margi soembar-soembar balané wanita." Sik Ting San mjarsa atoeré, bramatya asroe moewoes: Si bebatang toedoehna mami, koemajoe peksa langkah, sedy a soroh oemoer." Sénapati ngetap koeda, sigra mangsah wadya tigangèwoe ngingring, sareng ndoeloe wanita.

Ngoewoeh-oewoeh pan sarwi noedingi: „Hèh wong wadon balèkna pangéran, koemawawa sira déné, wani ngadang delanggoeng, adja kongsi ingsoen tandangi." Sang retna sareng moelat, tjiptané djro kalboe: „Satrija ngendi poenika? anom bagoes sadjegingsoen doeroeng manggih, lir gambar wewajangan.

Joeswaningsoen ja nembalas warsi, doeroeng toemon maða warnaningwang, iki ana bagoes déwé, jèn djodo lawan ingsoen, pesti nora koetjiwa batin." Sang retna asroe modjar: „Adja mara nepsoe, gampang wong atanding joeda, balik sira sapa aranmoe pradjoerit?" Ting San soemaoer sigra:

„Sira tanja mring djedjoeloek mami, ingsoen Tong Tya andeling Naléndra, ingsoen loenggoeh Dji Lag Wan Swé, Sik Ting San djoeloekingsoen, atmadjané sang sénapati, agé sira oelihna, pangran Lo Dong maoe,

ingsoen arsa mring So Jang Sjah, toeloeng Praboe miwah rama nandang kanin, kinepoeng déning mengsah."

Retna dèwi Ta Swan Tong miarsi, saerira lir madoe rinengga, ngandelaken mring goeroené: „Mangké satrija bagoes, koela gadah oedjar sakedik, nadyan koela wanita, nging kekasihipoen, hjang Wi Hwah Sing Bo soedibja, rama iboe sedaja sampoen ngemasi, moeng kari doeloer prija.

Kadang koela bisa mandjing boemi. Jèn pinoedjoe djodo pikirira, koela njèti ndika mangké, si kakang mesti manoet, toemoet ndika amangoen djoerit, angrata boemi Sé Ljang, dados baoe-soekoe." Sik Ting San sareng miarsa, sroe bramaty watjana sarwi noedingi: „Nora mamboe perawan.

Koedoe sira arep ngadjak kawin, ingsoen poetra soera ngadilaga, nistantoek wong kaja kowé, adja kakéhan remboeg, tampanana panoembak mami." Ting San nge-
tap toerangga, sarwi ngembat lawoeng, bramaty sigra anoembak, retna dèwi prajitna datan goemingsir, tandangé lir beḍaja.

Ngiwa-nengen pedangnja binentik, tan koetjiwa sami woelanging hjang, Ting San asroe panoembaké, sang retna meḍang asroe, apan genti tangkis-tinangkis, sang dyah tjiptaning drija: „Iki pedangsoen, paringé hjang

Sing Bo retina, ja Sik Ting San kelar sira genti nangkis, njata sira sentika."

Sang dyah ajoe nginger kang toeranggi, sarwi njaket lawoengnja Sik Ting San, toerangga loemajoe agé, Sik Ting San sigra mboedjoeng, sarwi ngoewoeh: „Adja goemingsir, pajo ngadoe kadibjan, adja sira mlajoe." Sang retina mèssem watjana: „Ija Ting San ingsoen kalah mring sirèki." Moendoer nggagapi djimat.

Soetra abang binoetjal wijati, tjoemelorot gebjar-gebjar mara, gja moelet Sik Ting San agé, asta binesta koekoeh, noelja niba saking toeranggi, wadya nggoenoeng trangginas, njandak kang kesrimpoeng, binekta moenggah mring ngarga, wadya èstri rampak samja ndjemparingi, bala Tong Tya boebaran.

Samja ngoengsi pangéran Dyah Ko Kim, Kawarnaa sang dyah minggah ngarga, woes angratjoet boesana-né, pinarak koersi aloes, noelja Ting San binektèng ngarsi, Ting San ngadeg kéwala, datan arsa ndekoe, asta kalih woes binanda, sareng moelat Sik Ting San bramaty angling: „Hèh wadon gawé béka.

Ngandelaken djimatmoe kang tali, wani-wani nje-peng lawan ingwang, tekakna karepmoe mangké." Sang retina ngandika roem: „Ngandelaken roepamoe sigit, ingsoen mangsa asora, doemèhné wong nggoe-

noeng, ingsoen tari krana énak, ingsoen mèloe sira mrih sabaja pati, midjila oedjarira."

XXXI. Daoepipoen Sik Ting San kalijan dèwi
Ta Swan Tong.

30. Midjil.

Sang dyah ajoe ngoedjiwat sarjangling: „Tembé ingsoen toemon, satrija nom toer bagoes roepané, ndadak loemoeh nampik mring pawèstri, wong lanang kemangi, doedoe lanang pengkoeh.

Tan mentala matèni wong sigit, jèn pinoedjoe batos, kakangingsoen doeroeng tamtoe awèh, seprandéné nora woedoe mami, jèn nijatmoe mati, ja sapoeloeh poeloeh."

Sang Sik Ting San bramatyja miarsi, asroe nggènja alok: „Wadon iki toer ajoe roepané, tjatjadipoen doegané setitik, nemboeng pada sidji, lir wong nemoe koe-woek.

Lamoen arsa matèni mring mami, agé sira ketok, adja soewé manas ati baé, mapan ingsoen poetra sénapati, nora wedi mati." Sang dyah asroe moewoes:

„Wadyaningsoen wong nggoenoeng dèn aglis, gawanen mring régol, lah tigasen Sik Ting San moerdané." Para wadya sandika nandangi, tjinandak toemoeli, Sik Ting San tinoentoen.

Ni Ta Swan Tong bramatyja sroe angling: „Karo

sira ketok, kang soen tjepeng si Lo Dong arané." Si-
geg genti kotjapa Dyah Ko Kim, jèn bareng winarni,
éwoeh nggènja njatoer.

Nalikané Sik Ting San kadjodi, bala sami morot,
matoer maring Dyah Ko Kim atoeré: „Goesti tiwas
mangké sénapati, moengsoeh lan pawèstri, kadjodi ing
poepoeh.

Woes binesta kabekta mring woekir, miwah pangran
Lo Dong." Sang Dyah Ko Kim miarsa atoeré, kagèt
ndjola tjiptané Dyah Ko Kim: „Nora woeroeng mati,
wong roro kasrimpoeng."

Sang Dyah Ko Kim tanja mring wadya lit: „Matoera
maringong, moengsoeh èstri keprijé warnané, apa ajoe
apa ala njengit, paran oedjarnèki, kala perang poepoeh?"

Wadyabala matoer awotsari: „Pan waoe wong wa-
don, langkoeng éndah goesti ing warnané, nadyan Tong
Tya pinanding pawèstri, tan wonten ngoengkoeli, ka-
dos poetri waoe.

Kala djoerit moengsoeh sénapati, koela mireng padon,
moengsoeh èstri kawedar oedjaré, ngadjak goesti dados
djatoekrami, nanging sénapati, lenggana tan poeroen.

Sareng djoerit medal djimat tali, moeroeb anjremo-
mong, nggih poenikoe goesti katjepengé." Sang Dyah
Ko Kim sareng amiarsi, goepoeh amarani, iboe dèwi
Li Joe.

Sang Dyah Ko Kim mara bisik-bisik: „Nini poetraningong, lah toeroeten poen paman karsané, rèhné sira garwané pademi, jekti woes njoekoepi, mring remboeg mrih ajoe.

Poetranira Sik Ting San kadjodi, moengsoeh lan wong wadon, woes kabesta ing mangké poetrané, karsaningsoen jèn djodo poeniki, ingsoen dadi wali, amrih daoepipoen.

Jèn pinoedjoe begdjané Nrepati, woewoeh rosa kaot, samja ladjeng noeloengi sang Radjèng, sira doewé mantoe soerèng wèsti, dasar lindri-lindri, apa tjatjadipoen.”

Dèwi Kim Ljan bramaty miarsi, jèn kang raka kawon, sigra marek mring iboe atoeré: „Aðoeh iboe si kang kadjodi, koela kang mbélani, njepeng poetri moengsoeh.

Boten adjrih atandinga djoerit, mapan pada wadon.” Dèwi Li Joé angesah saoeré: „Adja nini sira wani-wani, doemèh sira sekti, ngandelaken goeroe.

Koerang apa kakangamoe sekti, djimatira kaot, éwadéné kadjodi joedané, angoer noeroet éjangmoe Dyah Ko Kim, noeloengi Nrepati, ikoe ingsoen goegoe.”

Sang Dyah Ko Kim nitih koeda aglis, noetoeti sang anom, moenggah goenoeng njengka pakoewoné, sareng prapta sadjawining kori, Ting San dèn tingali, badé dipoen boenoeh.

Tan darana Dyah Ko Kim sroe andjrit: „Aðoeh mengko-mengko, sarèhena ingsoen matoer dèwé, mring goestimoe retna koesoema di.” Wadya tjingak sami, sarwi asroe moewoes:

„Ndika sinten wani-wani menging, karsané dyah sinom? koemasoera ndika goemaloewèh.” Sang Dyah Ko Kim mara bisik-bisik: „Matoera sang dèwi, ingsoen pangran sepoeh.

Taklimingsoen atoerna sang poetri, Dyah Ko Kim Lo Kok Kong, Ting San iki nama Dji Lag Wan Swé, mandjing doeloer pangéran dipati, ingsoen matoer dingin, nadyan dipoen boenoeh.

Sawab ingsoen pinretjajèng Adji, arsa toetoer batos, mara énggal larapena agé.” Wadya nggoenoeng loemajoe mring ngarsi, matoer retna dèwi: „Anggèr koela noewoen.

Djawi kori wonten kaki-kaki, prijagoeng Lo Kok Kong, arsa sowan padoeka djeng anggèr, ngakenipoen pratjajèng Nrepati, ing Tong Tya nagari, arsa asoeng remboeg.

Njoewoen moegi dèn sarèh roemijin, nggènja arsa ngetok.” Retna ajoe angling djro kalboené: „Baja, iki mbotohi pradjoerit, kepanggih lan mami, arsa ngedjoem roekoen.”

Ni Ta Swan Tong ngandikané manis: „Mengko adja

ngetok, toeroetana wong toewa oedjaré, atoerana marang ngarsa mami." Wadya nembah midjil, sarwi ngoewoeh-oewoeh:

„Hèh wong kantja sarèhna roemijin, karsané dyah sinom, moeng prijagoeng sepoeh dipoen agé, ingandikan marang koesoema di." Sigra sang Dyah Ko Kim, madjeng ngarsa goepoeh.

Atoer taklim samja tata linggih, sang dyah ngandika lon: „Kasegahan pambagé praptané, satrija goeng akarsa poenapi?" Dyah Ko Kim naoeri: „Noewoen koesoema joe.

Kelilana poen éjang metjani, wiraosing batos, amba dapoer pinretjaja Radjèng, angembani marang sénapati, Sik Ting San poeniki, poeta djajèng poepoeh.

Wantoenipoen satrija nom pekik, akoerang waspaos, koesoema joe poendjoel ing warnané, sarta malih prawirèng adjoerit, nadyan Ting San sigit, pesti amitoeroet.

Sawab adjrih jèn sagoeh pribadi, nanging atoeringong, koesoema joe woes pesti djodoné, sampoen timbang warnané sang dèwi, krama Ting Sang sigit, sedjagad tan antoek.

Amoeng ndika koesoema dèn soedi, woes pesti jèn djodo, inggih éjang ngembani iboené, ndaoepaken Ting

San lan sang dèwi, sampoen ndika nampik." Sang poetri toemoengkoel.

Tanpa ngoetjap moeng wadana abrit, nolèh woeri méngo, sang Dyah Ko Kim aroem andikan: „Retna dèwi sampoen isin-isin, amba kaki-kaki, dados djomblang patoet."

Retna ajoe ngempet manah isin, tjahja semoe idjo, prodong-prodong alon andikané: „Doeh prijagoeng koela tijang èstri, tanpa bapa-bibi, moeng sedoeloer ka-koeng.

Mangsa borong si kakang moengkasi, koela loenggoeh anom, napa inggih amoetoesi dèwé." Sang Dyah Ko Kim mitjarèng djro ngati: „Gawé éwoeh mami, wong ajoe aloenjoe.

Koela mireng kala tanding djoerit, ngoedi-oedi djo-do, mangka iki ingsoen angseg dèwé, méngkak-méngkok semoe rada isin, jèn mengkono iki, atiné pinoedjoe."

Sang Dyah Ko Kim ririh dènira ngling; „Aðoeh sang dyah sinom, wonten poendi rakanta prenatalé? mangké koela ingkang mitoengkasi, niki dinten esri, daoep mangké daloe.

Sawab énggal tetoeloeng Nrepati, kinepoeng Sa Po Tong." Inggang raka Ta It Ha doenoengé, nèng djro boemi miarsa doemeling, wroeh jèn riné èstri, semoe brangta woejoeng.

Sigra midjil saking djroning boemi, kagèt ingkang anon, sang Dyah Ko Kim soeka andikané: „Baja niki rakanta sang dèwi? njata jèn pradjoerit, adjoer-adjèr baoed.”

Sang Ta It Ha taklim tata linggih, andikané alon: „Doeh prijagoeng soemangga karsané, koela mireng saking djroning boemi, woes djamaking èstri, pinoendoet mring kakoeng.

Wadyaningsoen oetjoelana aglis, kang satrija karo.” Sang Dyah Ko Kim soeka djro kalboené, noelja sami marani sang pekik, Dyah Ko Kim lingnja ris: „Anggèr poetoeningsoen.

Pitoeroeten goesti oedjarmami, adja méngkak-méngkok, lah rabinen poetri ajoe kijé, dadi réwang ndika toeloeng Adji, poetri ajoe koening, dasar soerèng poepoeh.”

Sénapati Sik Ting San naoeri: „Kesikoe sang Katong, inggih kangdjeng éjang ing karsané, poendi wonten Nrepati prihatin, dèrèng mbangkat kardi, ndadak andon loeloet.”

Sang Dyah Ko Kim asroe nggènja angling: „Aðoeh poetoeningong, tempoehena poen éjang doekané, amoeng ndika ginadàng noeloengi, mangka mbangkat kardi, dadi lanang teroes.”

Katah-katah dawoehnja Dyah Ko Kim, Ting San
gja loemados, miwah samja salin boesanané, poetra-
poetri pinanggihken noeli, dèwi Kim Ljan prapti, mi-
wah ingkang iboe.

Andrawina nèng loehoering woekir, dimar ting pen-
tjorong, wadya-bala samja minggah kabèh, ndadak-
ndadak mbelèh kebo sapi, wadya tigang keti, makoewon
ing goenoeng.

Kawarnaa sang koesoema dèwi, retnajoe Ta Swan
Tong, dasar ajoe krengga boesanané, saja woewoeh
ajoe lindri-lindri, ngrajoeng-ngrajoeng bentjing, wira-
gané patoet.

Soesoek-kondé pinatik retina di, tjoendoek-mentoel
abjor, ngagem gelang moebeng tinerètès, anting-anting
mata manik warih, kasoet sekar djeni, ngagem ekoen
taboer.

Pasang lilin pangkèng woes rinakit, padjangan men-
tjorong, médja kebek tjawisan pangantèn. Nenggih waoe
poetra lawan poetri, woes datan winarni, atoet lawan
roekoen.

Tan woes lamoen oetjapen ing toelis, genti winiraos,
sang Ta It Ha nggegandjar wadyané, noelja sami ki-
nèn ngengobongi, pakoewon ing woekir, ing sapengker-
ipoen.

XXXII. Pangéran Lo Dong pedjah sampjoeh prang kalijan toemenggoeng Ong Poet Dya.

31. Pangkoer.

Ta It Ha asroe ngandika: „Wadya-bala kabèh sira soen tari, apa pada manoet ingsoen, soewita praboe Tong Tya? menèk sira tan kedoega mèloe ngloeroeg, ija apa karepira, pan woes pada soen sangoni.”

Pra wadya matoer soemangga: „Katah ingkang manoenet andika goesti.” Sang Ta It Ha mantoek-mantoek, kinèn roemantya dandan, sang pangéran Dyah Ko Kim ngandika aroem: „Doeh anak mas noelja mangkat, Sriboepati ngarsi-arsi.

Anak mas Lo Dong pangéran, djengandika ngoendangana wadyalit, kinèn tata barisipoen, soemangga noenten mangkat, anak bésan sedaja badéné toemoet.” Pangéran Lo Dong sandika, pra wanodya dandan ngrakit.

Tan winarna tata-tata, pan sadaloe boesekan woes roemanti, éndjing tengara goemoeroeh, bèri tetek sa- oeran, sigra moentap gendéra lan oemboel-oemboel, barisan gandjoer ngerangap, moedoen golong saking woekir.

Ing margi datan winarna, tigang dinten woes prapta tepis-iring, lampahipoen baris agoeng, ngambah telatah Sé Ljang, wonten bètèng Ké Pah Hi Koe Wan poenika,

ketingal saking tebihan, wong Tong Tya makoewon sami.

Genti ingkang kawarnaa, toemenggoengé Ké Pah Hi Koe Wan sakti, Sang Ong Poet Dya kang djedjoe-loek, langkoeng déning prakosa, joeswanipoen sangang-poeloeh woloe taoen, brengos djénggot mletoek petak, kèringan ing mantja boemi.

Lawoengipoen jèn ajoeda, wawrat satoes lan kalih-dasa kati, lagja étja adjar lawoeng, nggoelang-nggoelang balanja, ki toemenggoeng Ong Poet Dya ngandika aroem: „Bètèng iki dingin bedah, Djin Koe Wi ingkang ngoenggahi.

Ing mangké ingsoen kang tengga, amoeng sira kang pada ngati-ati.” Kasaroe patjalang matoer: „Doeh goesti wonten mengsah, saking Tong Tya tigang keti balanipoen, doetané pangran dipatya, Ting San poeta sénapati.”

Ki toemenggoeng asroe modjar: „Poeloeh-poeloeh pangran Sa Po Tong sisip, ngoetjoelan doemèh wong sepoeh, Dyah Ko Kim si keparat, angapoesi bandjoer moelih neda bantoe, jèn njata wong Tong Tya prapta, kambilana koeda mami.

Gotongen landéjaningwang.” Sang Ong Poet Dya ngrasoek boesanèng djoerit, ngirid wadya sigra magoet,

ndoengkap baris ngadjengan, asroe soembar minta lawan ngoewoeh-oewoeh: „Dyah Ko Kim sira metoea, gawémoe ngapoes-apoesi.

Pajo ingsoen kembarana, ingsoen nora wedi mring sénapati.” Petjalang ngarsa loemajoe, matoer mring sénapatya: „Aðoeh goesti ngarsa wonten moengsoeh ngoewoeh, soembar-soembar minta lawan, poen Ong Poet Dya ingkang nami.

Pangéran sepoe tinantang, miwah ngoewoeh padoe-ka dèn soembari.” Sik Ting San bramaty moewoes: „Bebatang koemalangkah, toedoehena soen tigasé moerdanipoen.” Pangéran Lo Dong sroe modjar: „Mangké sampoen sénapati.

Koela kang njepeng poenika, koemawawa njoembari sénapati.” Dyah Djwan Tong njamboengi atoer: „Kangdjeng paman pangéran, noewoen doeka koela ingkang madjeng poepoeh.” Ingidénan sénapatya, Dyah Djwan Tong nitih toeranggi.

Sikep pétjok sigra mangsah, tigang èwoe pradjoerit ingkang ngiring, praptèn rana sigra metoek, sang Ong Poet Dya watjana: „Mengko katjoeng toetoera sapa aranmoe? karoehané ingsoen noembak.” Dyah Djwan Tong bramaty angling:

Asoe gerang roengokena, menèk sira tanja mring djoeloek mami, pengawaté tjoetjoek poepoeh, poetoené

djeng pangéran, kang kaloka Lo Kok Kong pangéran sepoeh, Dyah Djwan Tong djedjoeloekingwang." Ong Poet Dya asroe naoeri:

„Poetoené Dyah Ko Kim sira, pasang jogja kakèk-moe angapoesi, tan wani mangké mentjoengoel, sira wakilé pedjah." Sang Dyah Djwan Tong bramaty sigra anempoeh, sang Ong Poet Dya étja tadah, ginebang pétjok soemingkir.

Ramé genti métjok noembak, moeng ping pitoe tangkep genti abentik, Dyah Djwan Tong ginebang moendoer, mèh tiba saking koeda, ladjeng nginger toerangga ngentrag loemajoe, Ong Poet Dya alatah-latah: „Mandega katjoeng dèn liri." "

Dyah Djwan Tong loemajoe kebat, sareng mandjing pakoewon sawadyèki, matoer sénapati goepoeh; „Noewoen apoenten toewan, poenang moengsoeh kelangkoeng prakosa pengkoeh, koela tan koewawi njangga." Sik Ting San ngandika aris:

„Djengandika soemingkira, woes djamaké asor oenggoel wong djoerit." Pangéran Lo Dong sroe matoer: „Tjobi djeng sénapatya, koela ingkang ngembari moengsoeh poenikoe." Sik Ting San djoemoeroeng karsa: „Kangdjeng paman ngati-ati."

Pangran Lo Dong nitih koeda, ngembat lawoeng sarwi ngetap toeranggi, mijosi ingrana goepoeh, Ong Poet

Dya gja toemingal, ingkang mangsah satrija prakosa bagoes, ngembat lawoeng sigra mapag, lawoengnja sami abentik.

Ong Poet Dya pan asroe modjar: „Ana ngendi ro-wangmoe bandjoer nggendring, hèn sira sapa aranmoe, wani mapag lan ingwang?” Sang pangéran Lo Dong soemaoer goemoejoe: „Ja dawoek jèn takon ingwang, ingsoen pangéran pradjoerit.

Ja ingsoen Wat Kok Kong poetra, ri sang Lo Dong neloekken lor nrepati.” Ong Poet Dya asroe amoewoes: „Babo ingsoen miarsa, ija bener sira dingin soerèng poe-poeh, iki moengsoeh lawan ingwang, menawa sira koe-walik.”

Pangéran Lo Dong bramatya: „Asoe dawoek jwa sira adol edir, jèn nora noembak dapoermoe, doedoe ingsoen wong lanang.” Sang Ong Poet Dya goemoejoe latah soemaoer: „Tolé katjoeng ingsoen éman, loemajoea moe-poeng oerip.”

Pangéran Lo Dong naradjang, Ong Poet Dya Oe prajitna anadahi, koemembrang atjampoeh lawoeng, samja prakosanira, genti toembak genti tangkis ting kaleproek, landéjan sami pengkoehnja, tan ana ingkang kadjoedi.

Ong Poet Dya asroe watjana: „Hèn ta Lo Dong njata prakosèng djoerit.” Pangéran Lo Dong soemaoer,

sarwi asroe anoembak, woes tinangkis samja ngembat lawoengipoen: „Asoe gerang apa sajah, apa sira sambat adjrih?”

Ong Poet Dya kroða sroe modjar: „Hèh si Lo Dong sapa adjrih sirèki? jèn doeroeng bengkah waðoekmoe, mangsa ingsoen moendoera.” Lo Dong angling: „Jèn doeroeng tigas moerdamoe, ingsoen nora mesanggrahan.” Jata waoe sami roentik.

Tengara bèri saoeran, sénapati Ting San tebih ningali, saking dangoené kang tjampoeh, datan wonten kasoran, sareng ndoeloe mring Lo Dong tandangnja roesoeh, Sik Ting San kagèt toemingal, watjana sarwi noedingi:

„Djeng paman Lo Dong kasoran, roesoeh nggènja ngembat lawoengirèki, taboehan tengara moendoer, kinèn saph kang joeda.” Nenggih waoe tengara bèri tinaboeh, bèri moenja moendoer nganggang, pinasti karaning Widi.

Pangéran Lo Dong dilalah, sareng mireng tengara bèri nolih, trangginas Sé Ong Poet Dya Oe, Lo Dong kena tinoembak, iga wekas ingkang kiwa kena boetoel, keré wesi tedas rantas, oesoës katoet toembak midjil.

Wadya-bala kagèt moelat, madjoe rampak nedya noeloengi goesti, Lo Dong koedanja loemajoe, Sik Ting San goepoeh mapag, Lo Dong prapta modjar: „Sampoèn

toemoet-toemoet, jèn dèrèng males mring mengsah, dè-
rèng lila pedjah mami."

Sigra narik pedangira, oemboel-oemboel ginajoeh dèn
tatasi, kinarja oebed kang oesoës, sinaboekaken pindah,
ngetap koeda madjoe malih ngoewoeh moengsoeh:
„Hèh Ong Poet Dya adja boengah, pajo tandjing lawan
mami."

Sang Ong Poet Dya kagèt moelat: „Dé oesoës moe
katoet ing toembak mami, teka ganggas ngadjak tjam-
poeh." Ndongong datan prajitna, Lo Dong kebat toe-
rangga loemajoe meṭoek, trangginas ladjeng anoembak,
djadja bentjah teroes gigir.

Ong Poet Dya tiba nggoelimpang, Lo Dong mara
anigas moerdanèki, njangking moerda sigra wangsoel,
Sik Ting San goepoeh mapag, Lo Dong matoer: „Poen-
ika moerdaning moengsoeh." Ladjeng niba saking koeda,
kagèt wadya anoeloengi.

Pangéran Lo Dong sroe sambat, tan antara poepoet
sampoén ngemasi, sénapati langkoeng ngoengoen, sar-
wi midjil kang waspa: „Aḍoeh déwa kaningaja wong
pinoendjoel, soen sengoeh bisaa moelja, tan njana ma-
lah ngemasi."

Paréntah jasa trebela, tan winarna wong satoes kinèn
bali, anggotong trebela mantoek, poetra kakoeng karoe-

na, nami Lo Tjjang prakosa soedirèng kéwoeh, oematoer mring sénapatya, kasmaran arsa mbélani.

XXXIII. Bedahipoen bètèng ing Kim Hèh Kwan lan ing Tjap Dyan Koe Wan.

32. Asmarandana.

Lo Tjjang matoer awor tangis: „Koela njoewoen sénapatya, nggentosi tjoetjoek lampahé.” Sénapati aris modjar: „Jaji mas dèn prajitna, iki woes mati toemengoeng, bètèngé pajo rinebat.

Sira dadi tjoetjoek djoerit, njoelihana ramanira, Lo Tjjang sandika loemèngsèr, nitih koeda ngembat toembak, ngetap ingkang toerangga, sigra ngreboet bètèng goepoeh, koriné menga kéwala.

Sareng toemenggoeng ngemasi, wadya-bala samja boebar, tan poeroen béla patiné. Lo Tjjang mandjing djroning lawang, miwah sawadyanira, sénapati ngatag goepoeh, mring wadya Tong Tya sadaja.

Kinèn mandjing bètèng sami. Amoeng mirsani sadina, éndjing noelja mangkat agé. Tan winarna lampahira, woes prapta Kim Hèh Koe Wan, karja pasanggrahan agoeng, Sik Ting San kèndel pinarak.

Lo Tjjang matoer awotsari: „Koela njoewoen sénapatya, jèn marengi ing karsané, rèhing koela masih éng-

gal, dèrèng mbangkat ing karja, tjobi koela ingkang ngreboet, bètèng Kim Hèh Kwan poenika.

Menèk mbangkat karja kedik, mbélani soewargi rama." Ting San mitjorèng kalboené: „Anak matjan ija „Ija jaji dèn prajitna."

Lo Tjjang moendoer sira pamit, sigra nitih kang toerangga, ngembat-embat ing lawoengé, ngirid wadya sigra mangsah, prapta djawining lawang, asroe soembar ngoewoeh-oewoeh: „Hèh wong bètèng dipoen énggal.

Toemenggoengmoe kon metoni, ijèngsoen satrija Tong Tya, kang kasoeb Lo Tjjang namané, arsa nggepoe bètèngira, jèn wroeh wangsiting déwa, pada teloeke sirèkoe, adja kongsi soen toemandang."

Wadya-bala matoer aglis, mring toemenggoeng Kim Hèh Koe Wan: „Noewoen goesti djawi bètèng, wonten moengsoeh saking Tong Tya, ladak sarwi sesoembar." Toemenggoeng bramaty moewoes: „Kambilana koedaningwang.

Si bebatang peksa wani, medjanani awakingwang, jèn nora nigas djanggané, doedoe pradjoerit digdaja." Sigra ngrasoek boesana, njandak abir ngoewoeh-oewoeh: „Pajo wong sèwoe miloea."

Sigra nitih kang toeranggi, midjil saking korinira, noelja ngetap toeranggané, Lo Tjjang ndoeloe moeng-

soeh medal, godèg barengos abang, Lo Tjjang ngetap koedanipoen, sareng peṭoek asroe njentak:

„Asoe broewès mengko ḍingin, sapa aranmoe binatang?” Toemenggoeng kroḍa saoreré: „Hèh botjah koe-mentoes sira, takon djedjoeloekingwang, ingsoen Pah Dji Djig toemenggoeng, boepatiné Kim Hèh Koe Wan.

Ndel-andelé sénapati, Sa Po Tong pangéran arja.” Lo Tjjang soegal ing woewoesé: „Ora wroeh toemenggoeng bangsat, lah apa oedjarira, nora agé-agé teloek, moenjak-moenjoek arep modar.”

Pah Dji Djig naradjang aglis, bramatty tanpa watjana, Lo Tjjang panggah panangkisé, abiré mara tji-noetat, njingkir lan koedanira, mèh kalenggak mandoel-mandoel, Lo Tjjang kebat mara noembak.

Djadja anroes tekèng gigir, Pah Dji Djig noelja ngalenggak, niba saking toeranggané, Lo Tjjang mara nigas moerda, sarwi asroe watjana: „Pajo kabèh wadyaningsoen, pada ngreboet bètèng mengsah.”

Para satrija ningali, jèn Lo Tjjang woes mbangkat karja, sigra mara rampak kabèh. Dyah Djwan Tong Ta It Ha mara, mandjing bètèng sadaja, bala Kim Hèh Koe Wan gempoer, woes mandjer gendéra Tong Tya.

Sénapati woes mirsani, kèndel djro bètèng pinarak, tata-tata sasampoené, biḍal saking Kim Hèh Koe Wan.

Ing marga tan kotjapa, Tjap Dyan Koe Wan woes ka-
doeloe, sigra kinèn masanggrahan.

Anengguh ingkang winarni, toemenggoengé Tjap
Dyan Koe Wan, Hig Sing Sing ikoe parabé, lagja étja
reremboegan, lan pra pradjoeritnja, Ho Lap Wa Ti
sigra matoer: „Koela tampi palapoeran.

Wadya Tong Tya tigang keti, dateng lawan sén-
patya, Sik Ting San nikoe naminé, lan pradjoerit mawi
koeda, satrija gagah-gagah, bètèng kalih woes kareboet,
sang Ong Poet Dya datan njangga.

Pedjah kapoepoe ngadjoerit, Pah Dji Djig inggih pa-
lastra, ing mangké bebarisané, makoewon parek
poenika, kadospoendi ing karsa?" Hig Sing Sing kagèt
soemaoer: „Aðoeh déwa nora kaja.

Ong Poet Dya pilih kang tanding, soeprandéné nora
njangga, pantjèn sénapati déwé, pangran Sa Po Tong
kang salah, awèh dalan wong toewa, Dyah Ko Kim
doemèhnja sepoe, bandjoer ngerig pra satrija.

Pinesti karsaning Widi, bakal dadi bratajoeda, adja
tjatjak ingsoen kéné, kang dingin bètèng woes bedah,
iki manèh kelara, angoer pajo pada teloe, nora gawé
roesak wadya.

Jèn ingsoen mapaga djoerit, moendak wadya katah
pedjah, toer mangsa njangga boediné." Pra mantri djoe-

moeroeng karsa: „Inggih leres padoeka, ingkang dingin inggih gempoer, wadya lit katah miroeda.

Hig Sing Sing soeka ing batin, sigra ndoeta mawi serat, ngatoeraken ing teloké, woes masang gendéra petak, samja pranti soegata, Sik Ting San ingkang winoewoes, nampèni serat plapoeran.

Sénapati soekèng galih, sigra nggandjar poenang doeta, manis aroem andikané: „Pajo mandjing bètèng énggal, adja nggirasi wadya.” Sandika baris loemeboe, sénapati moenggèng ngarsa.

Para satrija angiring, toemenggoeng Hig Sing Sing mapag, ombèr soepenoeh bètèngé, anèng bètèng tigang dina, noelja tata gegaman, éndjing tengara goemoeroeh, boedal saking Tjap Dyan Koe Wan.

Datan kotjap anèng margi, genti ingkang kawarnaa, kang wonten djawining bètèng, pangran Sa Po Tong winarna, kinoebeng pradjoeritnja, sang arja asroe amoewoes: „Bijèn Dyah Ko Kim si gerang.

Ndadak soen paringi margi, kedoewoeng ngrampèk wong édan, wasana nggawa bantoené, bisa nempoeh ing kepoengan, begdjané radjèng Tong Tya, angoer soen gepoek roemoehoen, bisa njepeng radjèng Tong Tya.

Senadjan bantoené prapti, pan ingsoen mangsa wedia, jèn woes kena nrepatiné.” Sigra sang arja parèn-

tah: „Hèh pradjoerit sedaja, barenga ngrebasèng moengsoeh, lawang bètèng keproekana.

Obat mretjon kajoe garing, tjawisana ingkang kakah, kori papat ikoe kabèh, oentjalana mertjon pada, njangkinga wadoeng kampak, lawang sidji limang èwoe, soepaja bingoeng kang djaga.”

Toemandang wadya pradjoerit, sabalanja bareng mara, lir gelap sasra swarané, ting baledos lawang papat, sroe kagèt ingkang djaga, samja kinaroetog watoe, gègèr goemoeroeh ing djaba.

Nanging tan ana ngoendoeri, goemloedog mretjon tan pegat, lir goenoeng goentoer swarané, bantèng sima djroning wana, samja giris loemadjar, wong djro bètèng ting biloeloeng, wadya lit nangis goemerah.

Kedah ngili tanpa margi, ing djawi kinepoeng rampak, gègèr tangis ing djro bètèng, Sang Praboe kelangkoeng maras, goemeter tan ngandika, panembahan noelja matoer: „Doeh Sinoewoen dipoen étja.

Senadjan moengsoeh nekani, bètèngnja langkoeng sentosa, pradjoerit djagi loehoeré, mangsa saged metjahena, Goesti adjrih poenapa, iladoeni woes kaitoeng, madjoe moendoer gawé gita.”

XXXIV. Prangipoen wadya Tong Tya dalah bebantoenipoen kalijan pradjoeritipoen Sa Po Tong.

33. Doerma.

Kawarnaa Sik Ting San sang sénapatya, barisira woes prapti, prenahnja So Jang Sjah, katon ingkang gendéra, sénapati ngandika ris: „Pada lerepa, karja taroeb roemijin.”

Samja kandeg barisan agoeng mbelabar, Sik Ting San sénapati, ingajap pra poetra, samja soerèng ngalaga, Sik Ting San ngoendangi aglis: „Kangmas Ta It Ha, ndika milih pradjoerit.

Kalih leksa Ong Ké dados kanti ndika, koeloné bètèng ngriki, ndika mesanggrahan, nganggé gendéra petak, jèn mireng tengaramami, nempoeh kepoengan, sampoen tjidra oebanggi.”

Sigra méntar Ta It Ha sabalanira. „Dyah Djwan Tong ndika aglis, Ljok Sing kanti ndika, ngirida kalih leksa, mring kidoel bètèng poeniki, panggénan ndika, nganggé gendéra abrit.

Oe Ti Djing San sira Ong In kanti ndika, mring loré bètèng niki, ndika mesanggrahan, tenger tjemeng gendéra, bala kalih leksa nganti, nganti tengara, barenga nempoeh baris.”

Sigra méntar Oe Ti Djing San sabalanja, maring lor tata baris, sénapati sigra, ngirid sabalanira, miwah Lo

Tjjang tjoetjoek baris, riné Sik Kim Ljan, garwa Ta Swan Tong dèwi.

Oemboel-oemboel tjiri sénapati poeta, Dji Lag Wan Swa poeniki, mring wétan prenahnja, Dyah Ko Kim datan pisah, Sik Ting San nitih toeranggi, nata barisan, ndoeloe moengsoeh makeŕi,

Wadya Sé Ljang ndoeloe bantoe Tong Tya prapta, samja njandak djemparing, ngadangi ingarsa, saha atoer woeninga, mring arja Sa Po Tong aglis: „Goesti poenika, bantoe Tong Tya nekani.

Poetranipoen Djin Koe Wi ladjering joeda, Sik Ting San ingkang nami.” Sa Po Tong miarsa, koemesar djro wardaja, ngrasoek boesananing djoerit, nitih toerangga, sarta ngembat kang abir.

Ngetap koeda marani bantoe kang prapta, wadya-bala angiring, woes ajoen-ajoenan, lan Ting San sénapatya, arja Sa Po Tong sroe angling: „Si asoe gerang, ana ngendi Dyah Ko Kim?

Gawé béka sira ngerig wadya Tong Tya, atimoe ati koetjing, agé sira mara, soen tjatjah-tjatjah sira.” Dyah Ko Kim sigra metoni, asroe watjana: „Sa Po Tong adja ndleming.

Dingin ingsoen setja belaka lan sira, nora ngapoes-apoesi, sira ngakoe gagah, medjanani wong Tong Tya,

bandjoer asoeng margi mami; katon poenapa, bandjoer ngoedjar-oedjari.

Jèn woes weroeh djagokoe Tong Tya kang prapta, arsa nigas sirèki, agé tjaosena, moerdamoe jèn joen njoba." Sa Po Tong kroða miarsi, sigra naradjang, Ting San panggah nadahi.

Asroe modjar: „Sira moengsoeh lawan ingwang, wong toewa doedoe tanding." Sa Po Tong bramatya, ramé gebang-ginebang, pengawaté kanan-kéri, Tyong Ljang Sing moelat, sareng lawan Kim Dji Djin.

Bareng mara noeloengi Sa Po Tong joeda, sang retina dèwi kalih, Ta Swan Tong Sik Kim Ljan, ngembari sidji séwang, Dyah Ko Kim soeka ningali, naboech tengara. Sigeg wétan kang djoerit.

Genti kotjap Dyah Djwan Tong kidoel miarsa, bèriné sénapati, miwah Ljok Sing sigra, nempoeh baris kepoengan, wong Sé Ljang gègèr nadahi, Dyah Djwan Tong mangsah, lir bantèng tawan kanin.

Ljok Sing sigra ngembat lawoeng ngamoek nengah, ingkang katradjang goesis, ngiwa-nengen noembak, lir sima awor ménda, sigra tindhipoen baris, ngetap toerangga, sarta ngoewoeh noedingi:

„Hèh Wong Tong Tya koemawawa peksa lantjang, wani anempoeh baris, pajo lawan ingwang, adja moeng-

soeh mring wadya." Dyah Djwan Tong soemaoer bengis: „Aranmoe sapa? toetoera moepoeng oerip.”

Asroe modjar: „Jèn takon djedjoeloekingwang, ja ingsoen nami Soen Tik, pajo tanding lawan.” Dyah Djwan Tong sigra mara, tjampoeh djoerit lawan Soen Tik, Sang Ljok Sing kebat, tjampoeh djoerit lan Dji Djin.

Bala tempoeh kawoer djoerit pada bala, ramé bantik-binentik. Sigeg kidoel joeda, Tat It Ha koelon mjar-sa, tengarané sénapati, sigra naradjang, bareng sawadyanèki.

Kagégéran kang ngepoeng kidoel goemerah, sigra ladjering baris, ngetap kang toerangga, mara asroe wajtjana: „Hèh wong katé koemawani, bilai sira, tibané abirmami.”

Ladjer kalih kang sidji Njo Hong kang nama, sidji nami Hong Dyan Ting, Ta It Ha naradjang, tanpa tanja-tinanja, Hong Dyan Ting asroe angabir, Ta It Ha kebat, nangkis pentoengé wesi.

Ngiwa-nengan lir kitiran polahira, pentoengé mobat-mabit, ingabir tan kena, mandjing djroning pratala, Hong Dyan Ting bingoeng nadahi, sareng katingal, mentjoengoel moenggèng woeri.

Sigra mentoeng boentoeté toerangga kena, koeda gambira ndjondil, Hong Dyan Ting mèh tiba, toerang-

ga negar-negar, Njo Hong mara anoeloengi, Ong Ké naradjang, dedreg genti angabir.

Sigeg kidoel dedreg kang tjampoeh ajoeda, O, Ti Djing San sira glis, miarsa tengara, sigra nempoeh barisan, Ong In miloe nempoeh wani, tindihnja bala, Li Swan Tyo Gjan nadahi.

Baris elor gègèré kadya ampoehan, soerak awor lan bèri, sambating kabranan, awor pangriking koeda. Genti djro bètèng winarni, kang djaga-djaga, nèng loehoer bètèng mjarsi.

Sareng ndoeloe mengandap pating saléngkrah, wroeh jèn bantoe nekani, sigra atoer priksa, sang Praboe langkoeng soeka, panembahan woes oedani, asroe paréntah, mring sagoenging pradjoerit:

„Tjin Bong miwah Oe Ti Ho Hwèh kantinira, lan saleksa pradjoerit, ndika metoe wétan, noeloengi ingkang prapta, dé Tjjoe Djing Sik Jan sirèki, ngidoela sira, lan saleksa pradjoerit.

Ingkang ngoelon Kjang Hin Pah Li Ging Sjan sira, saleksa pra pradjoerit, Tjjoe Boen Tjjoe Boe sira, ngirida wong saleksa, mengalor ndika metoni.” Woes ta-tata, ngrasoek boesanèng djoerit.

Sareng mboekak kori bètèng bèri moenja, sareng nggènira midjil, kori papat menga, kidoel nempoeh ba-

risan, Tjjoe Boen Tjjoe Boe nempoeh wani, wadya kepoengan, tamboeh moengsoehnja djoerit.

Oe Ti Djing San miwah Ong In ngamoek nengah, ndoeloe djro bètèng midjil, samja tandjing joeda, tjampoeh djoerit lan Tyo Gwan, nora ana kang kadjodi, Tjjoe Boen trangginas, ngembat lawoeng marani.

Asroe noembak Tyo Gwan niba saking koeda, Li Swan kagèt ningali, jèn rowangnja niba, sareng nolèh toemingal, Oe Ti Djing San moepoeh wani, oeteknja moentjrat, Li Swan niba nggoelinting.

Sigra mapag wong papat ngamoek manengah, lir bantèng tawan kanin, moengsoeh elor dadal, koelon ramé kang aprang, Hong Dyan Ting bingoeng madosi, Njo Hong bramatya, Ong Ké ingkang ngembari.

Noelja mara Kjang Hin Pah Li Ging Swan sigra, Kjang Hin Pah noembak aglis, Hong Dyan Ting tan jitna, lempèng neroes tjangklakan, Hong Dyan Ting niba koewalik, Njo Hong toemingal, goepoeh mara noeloenji.

Sang Ta It Ha mentjoengoel saking pratala, Njo Hong sinabet keni, poetoeng baloengira, niba saking toerangga, baris koelon boebar goesis, kidoel gégéran, megati kantja ngoengsi.

XXXV. Kepladjengipoen Sa Po Tong.

34. Megatroeh.

Sigra nempoeh Tjjoe Djing Sik Jan Ta ing kidoel, noeloengi Dyah Djwan Tong djoerit, balané saleksa ngamoek, Dyah Djwan Tong soeka ningali, jèn kantja djro bètèng awor.

Soen Tik bingoeng ndoeloe moengsoeh ngoewoeh-oewoeh, djro bètèng samja metoni, Dyah Djwan Tong trangginas moepoeh, pinotjok Soen Tik woes keni, sirahnja sigar melopor.

Dji Djin nginger toerangga nedya loemajoe, Tjjoe Djing trangginas ngadangi, sinabet koeda koemeproek, woes niba saking toeranggi, amor bala kang ketaton.

Baris kidoel ndoeloe kiwa-tengen laroet, koenarpa soesoen atindih, noelja boebar reboet doetjoeng, gendéra nggelasah siti, toembak pedang awor lajon.

Kawarna baris wétan perang poepoeh, Sik Ting San ingkang adjoerit, lan Sa Po Tong tandingipoen, ariné ni Kim Ljan dèwi, ningali wong Sé Ljang djarot.

Matek adji midjil pradjoerit geng loehoer, toemeroen saking wijati, balané Sa Po Tong ndoeloe, adjrih moengsoeh ageng inggil, gègèr ngoengsi golong-golong.

Ri sang arja Sa Po Tong sareng andoeloe, balané

sampoén agoesis, nggagapi ing djimatipoén, pedang agengé sanjari, binoetjal tawang mentjorong.

Tjoemalorot toemoeroen lir-péndah ndaroe, Sik Ting San kang dèn parani, nanging sang bagoes tan moendoer, sareng pedang angoengkoeli, mbaledoeg moesna tan katon.

Kesorotan oeroebé poenang kekoeloek, Sik Ting San kekoeloeknèki, aran Dé Soe Wé kang moeroeb, paringané déwa loewih, kagèt sang arja Sa Po Tong.

Sirna sidji pedang sanga kari woloe, tjinakoep dadi sawidji, sinawat mring tawang mawoer, lir kilat baroeng lan tañit, marani Ting San mangisor.

Koeloekipoén mentjorong soroté moeroeb, pedang woloe sirna enting, Sa Po Tong bramatyá njakoep, djimat nenggala kekalih, binoetjal mring tawang karo.

Tjoemalorot mentjorong lir obor moeroeb, Sik Ting San njandak djemparing, Djing In Tji linepas goepoeh, nenggala kalih tjoemengkling, adjoer njemboerat tan katon.

Sareng moelat Sa Po Tong goemeter moendoer, Sik Ting San kebat noetoeti, narik tjemetiné Jan Boe, sinabet toena sañitik, moeng oeroebé ingkang njempjok.

Sambat ngadoeh Sa Po Tong woes moetah maroes, toerangga anegar nggendring, Ni Ta Swan Tong

asroe ngoewoeh: „Hèh moengsoeh adja goemingsir, nora woeroeng ingsoen elot.”

Ni Ta Swan Tong nglepasi djimatnja tangsoel, tjoe-malorot anoetoeti, Sa Po Tong woes kaserimpoeng, sabbat boedi ngolang-ngaling, matek adji bisa lolos.

Roepa tjlerèt njlorot noelja bisa mroetjoet, Sa Po Tong woes mingkrat tebih, gawok ingkang samja ndoe-loe, Sik Ting San getoen kepati, pangéran Dyah Ko Kim anon.

Ngetap koeda marani Sik Ting San moewoes: „Aðoeh anggèr sénapati, goeroené ikoe Li To Hoe, lir péndah ngèlmoening éblis, nora kena dipoen engkos.

Lah soemangga anaboeh tengara moendoer, noeli mandjing bètèng kaki.” Sik Ting San alon oematoer: „Kadospoendi angoendoeri, dèrèng katjepeng kang lolos.

Pra satrija saweg mbeboedjoeng kang moengsoeh.” Dyah Ko Kim mèsem naoeri: „Sa Po Tong mapan woes oetjoel, ikoe kepanggih ing wingking, ndaweg séba ing sang Katong.”

Jata sigra anaboeh tengara moendoer. Kotjapa kang menang djoerit, Tjin Bong Oe Ti Ho Hwèh oenggoel, wadya moengsoeh leboer goesis, Tjin Bong lir bantèng ketaton.

Wadya Sé Ljang sareng moesna ladjeripoen. loemajoe areboet oerip, datan wonten poeroen magoet, pa-joedan woes djeblog getih, wangké awor wong ketaton.

Tjin Bong mireng tengara bèri amoendoer, dawoeh-ira sénapati, pradjoerit prasami moendoer, Sik Ting San lawan Dyah Ko Kim, mandjing bètèng séba Katong.

Miwah iboe lan ariné Kim Ljan ajoe, garwa ni Ta Swan Tong dèwi, samja mandjing bètèng koempoel. Kotjapa Srinarapati, saking loehoer bètèng anon.

Sareng ndoeloe jèn Dyah Ko Kim mandjing pintoe, sang Praboe tedak toemoeli, mirsa jèn moengsoehnja laroet, noelja angandika manis: „Pada mapaga ing régol.

Hèh Dyah Dik Goe mapaga ramakmoe goepoeh.” Dyah Dik Goe boengah tan sipi, sigra loemajoe ametoek, dyah Ko Kim lan sénapati, mandjing séba ing sang Katong.

Srinaléndra ngandikané manis aroem: „Doeh kakang pangran Dyah Ko Kim, wong toewa soerèng pakéwoeh, sinten ladjering adjoerit? déné soedirèng prang tanggon.

Sang Dyah Ko Kim alon matoer mring sang Praboe: „Gaib padoeka ngajomi, koela sareng moendi dawoeh, mantoek mring Tong Tya negari, séba pangran dipatyanom.

Ladjeng damel pasanggiri srat ginantoeng, sinten njana anakani, poetrani poen radjèng poepoeh, aran Sik Ting San poeniki, saking pradéwan binombong.

Ladjeng metik serat pasanggiri Praboe, pangran dipati ngidèni, kinèn dados ladjer poepoeh, ngirid wadya tigang keti, nganggé djimatipoen kaot."

Sriboepati langkoeng soeka ngandika roem: „Aðoeh kakang Sang Dyah Ko Kim, manira maoe andoeloe, pradjoerit èstri kekalih, déné ajoe-ajoe anom.

Mèloe djoerit ngoendoeraken poenang moengsoeh, miwah pradjoerit kang alit, pèndèk katé soerèng poepoeh, bisa mandjing djroning boemi, poenika manira gawok.

Saking poendi pinangkané satrijèkoe?" Dyah Ko Kim matoer wotsari: „Wanodya kalih poenikoe, doeloernja Ting San setoenggil, garwanja ingkang sawijos.

Ingkang kakoeng satrija alit poenikoe, ipénja Sik Ting San oegi. Noewoen apoenten sang Praboe, pedjah gesang katoer goesti." Sang Praboe ngandika alon:

„Sisip apa pakenira toeloeng mring soen?" Dyah Ko Kim matoer ngabekti: „Kala koela ngirid bantoe, Sik Ting San lan iboenèki, toemoet nganti mring sang anom.

Sareng prapta Ki Poe Wah goenoeng poenikoe, wonten koesoema ketalip, toeroené satrija poendjoel, Ho

Kjan Tik Tong Tya roemijin, reboet margi perang tanggon.

Nggih poenika saking djimatipoen tangsoel, Sik Ting San katjepeng kènging, peksané tinigas goepoeh, djrih koela menèk niwasi, ingkang iboe koela taros.

Kang soepados dadia kantining poepoeh, sawab pawèstri pradjoerit, kang iboe ladjeng soemanggoe, nda-oepaken poetra poetri, kang nami dèwi Ta Swan Tong.

Mangké dados djoḍoné Sik Ting San waoe, kalilana djeng Nrepati." Sang Praboe ngandika aroem: „Paken-ira nora sisip, bisa tetoeloeng maringong.

Apa ana oewong Tong Tya ingkang miloe?" Dyah Ko Kim matoer wotsari: „Lo Dong dados tjoetjoek lakoe, miwah Oe Ti Djing San goesti, lan malih poetoe Dyah Djwan Tong.

Nanging Lo Dong kapoepoe madyaning poepoeh, moengsoeh toemenggoeng Ké Pa Hi, Joeswa sangang-dasa woloe, prakosa prawirèng djoerit, sampjoeh pedjah lawan Lo Dong."

Sareng mjarsa jèn Lo Dong pedjah prang poepoeh, sang Praboe waspa dres midjil, panembahan sigra matoer: „Doeh goesti sampoen pinesti, kasmaran jèn winiraos."

XXXVI. Djin Koe Wi kepanggih kalijan garwa poetra.

35. Asmarandana.

Sang Praboe ngandika aris: „Panembahan pesti napa, saking tiwas ing djoerité, si Lo Dong soen dama-dama, asring nglabeti ingwang.” Dji Bok Kong aris oematoer: „Doeh goesti karsa betara.

Kala ngloeroeg mring lor ngoeni, Lo Dong dados sénapatya, noeli soempah mring poetri lèr, nami To Lo Kong Soe sang dyah; menawi kesaidan, karsané batarara agoeng.” Sang Praboe émoet wéntéhan.

Ngandika awor prihatin: „Doeh kakang Dyah Ko Kim énggal, Sik Ting San gawanen mréné, dimèn sébaramanira, kakang Djin Koe Wi gerah.” Dyah Ko Kim sandika moendoer, nganti Sik Ting San loemampah.

Prapta prenahnja Djin Koe Wi, waoe pradjoerit kang djaga, kinèn matoer mring goestiné. Kotjap Djin Koe Wi gerahnja, tatoené dèrèng moelja, ing mangka sampoen sataoen, tansah goemoeling nèng tilam.

Pradjoerit doeta woes prapti, ngabekti atoer oeninga, pangéran sepoeh praptané, sénapati sanget lesah, déné tatoe tan moelja, ngandikané sarwi ngadoeh: „Lah pangran sepoeh woes prapta.

Apa bantoené woes prapti?” Pradjoerit matoer anem-

bah: „Inggih ageng ing bantoené.” Djin Koe Wi aris ngandika: „Djeng pangran atoerana, jèn ingsoen tan bisa loenggoeh, arsa mapag tan koewawa.”

Sigra ingatoeran aglis, sarta katoer atoerira, pangéran Dyah Ko Kim mangké, nganti Sik Ting San loemampah, mandjing ing pesaréan, Dyah Ko Kim ngandika aroem: „Sénapati dèrèng moelja.

Koela mantoek mèh sawarsi, sénapati dèrèng waras, pinoedjoe saking begdjané, koela ngapoesi ing mengsah, saged mantoek mring Tong Tya, ngirid bebantoe wadya goeng, ngreboet malih bètèng tiga.

Sa Po Tong sampoen kadjodi, kepoengan boebar sedaja.” Djin Koe Wi alon delingé: „Kapoendi sih djengandika, kang welas toeloeng ingwang, bantoe saking Tong Tya agoeng, sinten dados ladjer joeda?

Déné digdajèng adjoerit, teka ngoenkoeli lan ingwang, ngoendoeraken moengsoeh akèh.” Dyah Ko Kim mèssem watjana: „Ndika dèrèng oeninga, kang dadi ladjering poepoeh, poenika dédé wong lija.

Atmadja ndika pribadi, Sik Ting San nikoe kang nama.” Djin Koe Wi mbekoeh woewoesé: „Bok inggih sampoen goedjengan, anak koela Sik Ting San, pedjah pinten-pinten taoen, kelintoe kena ing panah.

Napa wonten Ting San malih?” Dyah Ko Kim asroe watjana: „Babo sénapati mangké, poen bapa kang ne-

rangena, anak ndika Sik Ting San, sawadiné nora lampoes, pinoepoe hjang Ong Ga Lo Tja.

Winedjang ngèlmoe sedjati, ngagem lawoeng tan koe-tjiwa, sinoeng djimat sekatahé, milané soerèng alaga, ngoendoerna parang-moeka, ngong moendi dawoeh sang Praboe, kinèn pasrah poetra ndika."

Sik Ting San mara noengkemi, ngabekti mangaras pada, sarwi matoer wor tangisé: „Rama koela datan pedjah, saking hjang Ong Ga Lo Tja, nèng pradéwan dipoen woeroek, solahé satrija joeda.

Nèng kahjangan pitoeng warsi, antoek ngèlmoe kasentikan, miwah djedjimat kinaot, dawoehipoen sang hjang déwa, kinèn toeloeng Naléndra, kangdjeng rama nandang tatoe, nèng bètèng So Jang Sjah Sé Ljang.

Koela wonten ing negari, karsanja pangran dipatya, dipoen angkat Dji Lag Wan Swé, Sa Po Tong sampoen loemadjar, katjepeng mroetjoet moesna, wadya moengsoeh boebar laroet." Djin Koe Wi soeka miarsa.

Ngandikané aroem manis: „Aðoeh Ting San poetra-ningwang, neda narima déwané, asoeng oerip marang sira, poen rama nandang brana, jèn sira winedjang ngèlmoe, apa bisa marasena?

Setaoen soen nandang kanin, tatoené tan bisa moelja, kaja ngapa ing dadiné?" Sik Ting San matoer wot-

sekar: „Koela sinoengan djimat, wohipoen kastoeba woengoe, djampinipoen kènging gaman.”

Sigra ginetjek toemoeli, pinopokken tatoenira, noelja kang tatoe nderèwès, dangoe-dangoe gatel rata, sakit sedaja sirna, ladjeng moelja ingkang tatoe, Sik Djin Koe Wi langkoeng soeka.

Sigra pinarak ing koersi, goemoejoe sarwi ngandika: „Tamba Soeralaja kijé, njata kekasih beṭara, poen rama bandjoer waras.” Sik Ting San ngabekti matoer: „Kangdjeng iboe toemoet koela.

Mangké nèng pakoewon djawi, lagja siram tata-tata, miwah ri Kim Ljan rowangé.” Djin Koe Wi aris ngandika: „Iboemoe atoerana, soen arsa séba sang Praboe, mengko kepanggih lan ingwang.”

Djin Koe Wi séba Nrepati, arsa saos bekti Nata. Noelja mboekak kori gedé, sampoené séba sang Nata, lenggah ing dalemira, pradjoerit tata atoegoer, mapag praptané sang retna.

Ting San matoer iboe aglis: „Kangdjeng rama tata-tata, mapag djeng iboe wijosé, sarwi matoer Srinaléndra, soemangga iboe tedak.” Nitih djoli koesoemajoe, sigra mandjing ing pandapa.

Pra pradjoerit kanan-kéri, Sik Djin Koe Wi sigra mapag, nganti garwa mandjing agé, ladjeng mring da-

lem sadaja, pra poetri-poetri miwah, Sik Ting San kang atoet poengkoer, noelja tata-tata lenggah.

Sik Kim Ljan mara ngabekti, soemoengkem padaning rama, Djin Koe Wi rengoe semoené, alon dènira ngandika: „Doeh nimas wroehanira, ingsoen moendi dawoeh Praboe, andon djoerit boemi Sé Ljang.

Satrija ingkang sinelir, katah kapoepoe ing rana, ingsoen déwé emèh baé, woes kantaka pitoeng dina, saking brekahing Nata, ngajomi ing djiwaningsoen, sawarsa ngong nandang roga.

Tatoené nenggala mandi, ing samengko lagi waras. Amoeng sira lan poe trané, doedoe lakoening wanita, noesoel mring ngadilaga, moendak dinoeloe wong agoeng, koetjiwa poetri pingitan.

Doedoe lakoe poetri adi, koetjiwa separan-paran, wong wadon amrih apané, sira nimas ingkang lepat, ngadjak poe trané kenja.” Dèwi Li Joe aris matoer: „Djeng padoeka dèrèng terang.

Tjètiné ingkang amingit, poetri kenja tan koetjiwa, sareng mirsa ing wartané, padoeka kénging sengkala, kinepoeng nèng So Jang Sjah, tjètiné kelangkoeng binggoeng, Ni Kim Ljan tansah karoena.

Pinoedjoe Sik Ting San prapti, moendi karsaning betara, kinèn noeloengi joedané, sarta terang Narpa-

poetra, miwah sinoengan bala, tjètiné dasar woes ngroe-
ngoe, jèn padoeka nandang brana.

Dados tjètiné njarengi, mring poetra padoeka Ting
San, malah ambekta djampiné, pepariné Hong Ga Lo
Tja, djampi ing Soeralaja, poetra padoeka kelajoe, arsa
toemoet lampah koela.

Poetra ndika nini poetri, nadyan wanita winedjang,
sapa tanding sentikané, kinasihan ing beṭara, hjang Do
Hwah Sing Bo retina, winedjang sakèhing èlmoe, mjang
solahé ngagem gaman.

Ngoendoerna moengsoeh pradjoerit, saking nggoné
toeloeng rama." Djin Koe Wi asroe woewoesé: „Wis
jaji adja wewarta, moeng ingsoen gawok moelat, wa-
nodya kang anom ajoe, ikoe wanodya poenapa?"

Dèwi Li Joe matoer aris: „Poenika mantoe padoeka,
koeloep Sik Ting San rabiné. — Hèh nini sira mareka,
ngabektia ing rama." Ta Swan Tong oemarek goepoeh,
ngabekti angaras pada.

Djin Koe Wi ngandika aris: „Dadi mantoe kaja nga-
pa, ikoe ngendi pinangkané?" Dèwi Li Joe atoerira:
„Saking goenoeng Ki Poe Wah, tedaké Bing Ong roe-
moehoen, samja ndandang saking Tong Tya."

XXXVII. Sik Ting San kinoendjara.

36. Dandanggoela.

Dèwi Li Joe atoeripoen ririh: „Ni Ta Swan Tong

naminé poenika, sidji kakoeng sedoeloeré, Ta It Ha soerèng poepoeh, waged ngambah dasaring boemi, Ta Kwan Tik loehoerira, pradjoerit pinoendjoel, kala gè-gèré negara, adegipoen kraman pitoengdasa kalih, Ta Kwan Tik wisma ngarga.

Noeroenaken Ta Swan Tong poeniki, lan Ta It Ha samja wisma ngarga, tan ana njangga djoerité, ngadangi gaman bantoe, poetra ndika Ting San kadjodi, tinari djatoekrama, Ting San datan poeroen, atoeré wadya karoena, jèn Sik Ting San badéné dipoen pedjahi, tjètiné langkoeng gita.

Koela ngoedi djeng paman Dyah Ko Kim, ndaoepaken Ta Swan Tong lan Ting San, soepados dados sa-éné, mangka sedoeloeripoen, malah soeka loemados djoerit, teloek sebalanira, nedya ngabdi Praboe, toemoet nempoeh parang-moeka, ngoendoeraken balané Sa Po Tong djoelig, laboeh karja negara."

Sik Djin Koe Wi sareng amiarsi, langkoeng doeka mitjorèng djro nala: „Si bebatang anak tjèlèng, agawé wirangingsoen, dadi tiwas ing djenengmami, loepoet pengadjarangwang, nglingsemaken Praboe, doedoe lakoené soedjana." Dèwi Li Joe ningali kang raka roentik, alon ing atoerira:

„Aðoeh laé djeng padoeka roentik, kadospoendi sinéba soetanta, nora dadi ing soekané, malah woewoeh

arengoe." Sik Djin Koe Wi asroe naoeri: „Jaji kawroehanira, Sik Ting San tan patoet, woes djoemeneng sénapatya, pinasrahan sagoengé para pradjoerit, doedoe bangsa goejonan.

Nadyan silih katjepenga djoerit, woes kadjodi moenggèng ngadilaga, ngamoengna dérah patiné, jèn ana kang rinemboeg, pesti nganti karsa Nrepati, wania palakrama, jèn woes terang Ratoe, ikoe pradjoerit soedjana, adja kaja anakmoe Sik Ting San koewi, nganggo sakarepira."

Saja woewoeh doekané Djin Koe Wi, asroe ngatag mring wadya matjanan: „Hèh tjekelen Ting San kijé." Wadya toemandang goepoeh, sira Ting San dipoen tangsoeli, dèwi Li Joe toemingal, andjrit sroe margijoeh, karoena ngoesapi waspa, sarwi matoer: „Doeh pangran sija kepati, padoeka wong prawira.

Dèrèng terang basa kang premati, poeta kakoeng pedjah mangké gesang, bandjoer inganggep wong rèmèh, arsa tinigas poeroen, lamoen ndika koloe matèni, sagalakané sima, nora koloe soenoe, dingin Ting San ja pinanah, jèn sampoena Ong Ga Lo Tja kang noeloengi, jekti keladjeng tiwas.

Kadospoendi raosing panggalih, tanpa toeroen satrija poenapa, mangka kepanggih poetrané, datan dosa kelangkoeng, bandjoer baé dipoen tangsoeli, mangka

Ting San moeng ngemban, dawoeh hjang poekoeloen, noeloengi mring rama tiwas, kaping kalih noeloengi pada Nrepati, mbangkat karja negara.

Lagi ngambah sesikoe setitik, napa malih tjètiné tan pisah, mbok wontena ngapoerané." Djin Koe Wi sroe soemaoer: „Jaji dèwi adja madoni, anakira Sik Ting San, loewih dosanipoen, joeswané doeroeng sepira, tan soemoengkem jèn soewita Sriboepati, nora pradoeli rama.

Wani-wani ngawaki akrami, pretandané jèn doedoe satrija, mélik wong éndah warnané, jèn kasoewoer wong moengsoeh, iki Ting San kagiwang èstri, semangsa mangoen joeda, pinikat wong ajoe, nora woeroeng katiwasan, temah bakal ngapirani karjèng negri, dadi wong tjatjah roetjah.

Pan woes nerak sikoening pradjoerit, adja sira jaji mèloe malang." Sarwi ngatag wadya agé: „Bandjoer tigasen goepoeh, lah gawanen metoe saiki." Wadya goepoeh anjandak, Ting San gja tinoentoen, dèwi Li Joe sroe karoena, sarwi matoer: „Djeng pangran sija kepati, tan dahar atoer koela.

Rabinipoen Ting San moeng sadarmi, wit tjètiné ingkang ndaoepena, kangdjeng Dyah Ko Kim dandané, pinangka bésanipoen, Ting San boten krama pribadi." Djin Koe Wi sroe bramaty, tan pradoeli atoer, peksa

kinèn nigas énggal; pan kesaroe Dyah Ko Kim mara sroe angling: „Hèh mengko djoeroe tigas.

Mengko ingsoen toetoer sénapati, adja sira wani-wani nigas, mapan ta poetrané déwé.” Dyah Ko Kim madjeng ngajoen, sarwi tanja lawan Djin Koe Wi: „Hèh radja sénapatya, saopamènipoen, sima loewih saking galak, mangsa koloe ngoentala anak pribadi, mangké padoeka téga.

Ilang djenenging satrija loewih, angoer rama melasi atmadja, kang tanpa dosa jektiné, pan dédé kadjengipoen, ingkang iboe dgingin ngidèni, koela ingkang ngremboega, dados dandanipoen, Sik Ting San amoeng sadrema, jèn andika peksa badé amatrapi, moerda koela soemangga.”

Sarwi angling mangloeng djangganèki: „Lah tigasen poen Dyah Ko Kim lega.” Djin Koe Wi aris woewoesé: „Noewoen djeng pangran sepoe, poen Djin Koe Wi matoer sajekti, poen Ting San si binatang, dados ladjer poepoe, karsané pangran dipatya, woes nampèni mangka ladjeng tjidra Adji, tanpa matoer Naléndra.

Wonten margi wani palakrami, inggih nikoe dadi pagoedjengan, pinasrahan wadya kabèh, oepami wingkingipoen, jèn dinoeta ngandoni djoerit, moengsoeh samja ceniga, Ting San wantoenipoen, karemané roepa

éndah, poenang moengsoeh ngoetjoelna pikat pawèstri, niwasi karja Nata.

Kangdjeng paman moegi anglilani, lijanipoen dosa kang poenika, koela soemangga karsané, poenika koela soewoen, pesti koela oekoem si nistip." Kang iboe ndjrit karoena: „Ting San poetraningsoen, poen iboe miloe palastra, ramakamoe tan kena dipoen atoeri." Jata tangis goemerah.

Pan kesaroe Srinaléndra prapti, sarta kangdjeng panambahan woentat, Djin Koe Wi kagèt tingalé, sigra amapag goepoeh, Srinaléndra ngandika aris: „Kakang radjèng ngalaga, manira kang moendoet, dosané Ting San poenika, sawab bisa tetoeloeng karja negari, ngoendoerké parang-moeka.

Epoerena nggènja mbangkat kardi, amoeng adja kang sira tigas, dèn apoeraa dosané." Djin Koe Wi matoer: „Noewoen, pan soemangga dawah Nrepati, kapendi karsa Nata." Djin Koe Wi gja ngoewoeh: „Oetjoelana si doeraka, gawa mréné kinèn ngabekti Nrepati, ingapoera dosanja."

Sasampoené Sik Ting San ngabekti, tan adangoe djengkar Sri naréndra, ginarebeg ing tindaké, Sik Djin Koe Wi sroe moewoes: „Dosa pati loepoet sirèki,

amoeng dosamoe lara, nora kena loepoet, sapoenen ping kawandasa." Sigra tandang Sik Ting San dipoen talèni, Dyah Ko Kim asroe modjar:

„Jèn padoeka arsa ndjemalani, koela ingkang makili Sik Ting San." Pangran Dyah Ko Kim siragé, amor lan Ting San ambjoek, Sik Djin Koe Wi ngerangkoel aglis, sarwi matoer ngrerepa: „Kangdjeng pangran sepoe, Djin Koe Wi tan mbangkang karsa, doeh soewawidjeng paman koela atoeri, koela ndèrèk sakarsa.

Moeng pijagem koela poendoet malih, kelilana Ting San kinoendjara, tigang woelan ing laminé, dimèn oeninga sikoe." Nenggih waoe Sik Ting San noeli, ngatoerken pijagemnja, kinoendjara sampoen, Djin Koe Wi malih ngandika: „Wroehanira jaji dèwi soen toetoeri, poetjoengé ajoe éndah."

XXXVIII. Sa Po Tong kabantoe goeroenipoen kalih, ngepang bètèng So Jang Sjah.

37. Poetjoeng.

Sarwi rengoe Djin Koe Wi andikanipoen: „Jaji ingsoen tanja, Ni Ta Swan Tong wong ingendi? lamoen ikoe dadi mantoe tan sembada.

Nadyan ajoe doeroeng loenggoeh mantoeningsoen." Sang dyah atoerira, semoené roeditya batin, Sik Djin Koe Wi asroe modjar mring pawongan:

Lah ta bijoeng matoera Ta Swan Tong goepoeh, kon moelih mring ngarga, adja miloe lawan mami." Sibra moendoer ni emban moendi timbalan.

Sampoén dawoeh mring sang dyah timbalanipoen, sang dyah kagèt mjarsa, gita tata-tata noeli, matoer raka Ta It Ha gja mepek bala.

Arsa mantoek mring Ki Poe Wah Soe Wah goenoeng, sang retna gja mara, noewoen pamit iboe dèwi; dèwi Li Joe waspa midjil tan ngandika.

Sang retnajoe Kim Ljan mring Ta Swan Tong ngrangkoel, matoer wor karoena: „Sampoén kakangbok moetoengi, koela matoer kangdjeng rama kang prajoga.”

Lon soemaer dèwi Swan Tong arawat loeh: „Doeh jaji karia, ngong lawan si kakang midjil, moendak mangké dadi doekané djeng rama.”

Pan kasaroe Dyah Ko Kim angowoeh-oewoeh: „Barbo sénapatya, djengandika mendem awis, poetranira sampoén daoep timbang tresna.

Malihipoen sang retna pan soerèng poepoeh, poetra

ndika Ting San, awité kadjodi djoerit, sinten malih ngoengkoeli lan mantoe ndika.

Mangka daoep lawan soetanta sang bagoes, ing mangké pinisah, tinoendoeng mantoek mring woekir, poenappingih datan roentik oendoerira.

Béndjang lamoen ngerig wadyanira nggoenoeng, ladjeng marang Tong Tya, saking kroda nggepoek poeri, nora woeroeng djengandika ngempit kala,

Loenga ngloeroeg ing boeri kantjikan moengsoeh, adoeh sénapatya, lir oepami matjan kénging, datan lajak ing mangké dipoen oetjoelna.

Pan poenikoe oetami kinanti ngloeroeg, dadi baoe joeda, tan wonten pakèwed wingking, sampoen mandjing mantoe ndika dasar éndah."

Kalanipoen miarsa ing dawoehipoen, Dyah Ko Kim mrih ardja, Sik Djin Koe Wi sigra angling: „Jèn makaten leres dawoeh djengandika.

Marmanipoen inggih koela aken mantoe." Dyah Ko Kim toemedak, mring djawi ngoewoeh sroe angling: „Nini poetri Ta Swan Tong miwah Ta It Ha.

Karonipoen pajo séba mara sepoeh, poen bapa kang nata, sénapati pan woes lilih, nini dèwi adja kadoek béla tampa."

Sang dyah ajoe miwah doeloeripoen kakoeng, Ta It Ha miarsa, gja séba lan sénapati. Tan winarna woes ingaken mantoe poetra.

Soekèng kalboe séba iboe dèwi Li Joe. It Ha nata wadya; ni Li Joe marwatèng galih, langkoeng asih mring mantoe Ta Swan Tong retna.

Jata waoe praboe Tong Tya kang winoewoes, lagja siniwaka, panembahan moenggèng ngarsi, miwah para pradjoerit andèr soeméwa.

Sanga Praboe andikané manis aroem: „Kakang panembahan, manira sah saking poeri, praptèng mangké sampoen wonten enem warsa.

Boemi moengsoeh woes katah ingkang kairoep, manira pratjaja, ija marang sénapati, ing samengko soen arsa kondoer mring Tong Tya,

Dé bab moengsoeh ingsoen pasrah ladjer poepoeh, kakang sénapatya, mengkoni sagoeng pradjoerit, ngloeroeg ngantjik boemi Sé Ljang ingsoen pasrah.

Milanipoen kadospoendi ingkang remboeg?” Panembahan toernja: „Sinoewoen inggih oetami, pan djoe moeroeng kang dados karsa Naléndra.”

Nembah moendoer panembahan moendi dawoeh,

marang sénapatya, jèn Sinoewoen kondoer mangkin, Sik Djin Koe Wi kapasrahan mangoen joeda.

Poenggawa goeng pradjoerit kasrah sadaroem, lija soerèng laga, kinèn ndèrèk Sriboepati, mjang poenggawa kang kapoepoe ngadilaga,

Baloengipoen kinèn mboenteli sadaroem, badé dipoen bekta, sigra boesekan wadyalit, samja dandan ingkang badé ndèrèk Nata.

Tan tjinatoer Srinaléndra sigra kondoer, Dji Bok Kong tan pisah, Djin Kwi sawoesé ngoermati, noelja wangsoel mandjing bètèng ing So Jang Sjah.

Lah ingrikoe Djin Kwi lenggah pandapa goeng, pepak pradjoeritnja, sénapati ngandika ris: „Hèh ta kabèh wadya-poenggawa satrija.

Ingong ngemboen dawoehé ingkang Sinoehoen, ngloeroeg negri Sé Ljang, sedaja kang golong pikir, béndjing moendoer samja tanpa gegandjaran.

Karsaningsoen mengko nata baris gandjoer, noelja mangsah joeda, mangoelon sedina béndjing.” Pra pradjoerit noeli samja tata-tata.

Jata waoe Sa Po Tong ingkang keplajoe, telas boedinira, sabalané samja goesis, sareng ndoeloe moengsoeh tan angloed paranja.

Toestèng kalboe kèndel mepak wadyanipoen, ngoem-
poelken kang boebar, masanggrahan ing wanadri, bala-
nira sadasa keti tjatjahnja.

Sareng ngoempoel kang wadya sisaning lampoes,
rong keti karinja, pradjoerit mawi toeranggi, amoeng
kantoen kalihatoes nandang brana.

Samja laroed pedang lan nenggalanipoen, tan kan-
toen satoenggal, Sa Po Tong waspa dres midjil, asroe
sambat tebah djadja ngrasa tiwas:

„Doeh déwa goeng katoewoné awakingsoen, angoer
mring nagara, matoer marang Sriboepati, jèn kaidèn
njoewoen malih bantoe bala.”

Sigra dawoeh Sa Po Tong ing balanipoen, wangsoel
mring nagara, wadya rempek moenggèng woeri. Ka-
warnaa ingarsa wonten barisan.

Sareng ndoeloe Sa Po Tong kagjat djro kalboe, njana
moengsoeh ngadang, saking miris sanget kandji, sambat
pedjah Sa Po Tong anolèh bala.

Dangoe-dangoe waspada nggènira ndoeloe, goeroe-
né kalihnja, Hwi Pak Swan Soe Dig Pan To Djin, ri
Sa Po Tong sigra mapag langkoeng boengah.

Sareng ndoeloe sang pandita kalihipoen, Sa Po Tong

loemadjar, ladjeng pinapag sroe angling: „Babo-babo anak emas sénapatya,

Koela ngoengoen sawab napa arsa moendoer? doe-méh wadya Tong Tya, katah bantoené ndatengi, bisa ngoendoeraken wadya ing So Jang Sjah.

Sedyaningsoen ngerig wadya arsa toeloeng, woesana kepapag, lah samangké kadospoendi, anak emas napa adjrih mring wong Tong Tya?”

Atoeripoen Sa Po Tong sarwi ngembeng loeh: „Resi koela warta, saking sisip ngong pribadi, ndadak kena panggodané asoe gerang,

Kang sineboet Dyah Ko Kim poenggawa sepoe, koela engkos oega, plempas-plempoes arsa midjil, ngong lilani mijak bala ladjeng medal.

Nggih poenikoe mring Tong Tya angirid bantoe, nganti sinatrija, ladjéré bantoe kang prapti, anakipoen Djin Koe Wi anama Ting San,

Kantnipoen pradjoerit wanita ajoe, nempoeh ing ke-poengan, sedaja soera ing wèsti, djroning bètèng inggih medal sareng mangsañ.

Marmanipoen koela kasoran ing poepoeh, wadya katah pedjah, djimat koela sirna enting, sedya koela moendoer matoer Srinaléndra,

Njoewoen bantoe arsa ngantep ing prang poepoeh lawan si keparat." Pandita kalih miarsi, sroe goemoejce latak-latak sarwi modjar:

„Doeh sang bagoes napa inggih kandji kawoes? nda-
dak nggoenggoeng mengsah, ngapesna rowang pribadi,
woes djamaké mangoen joeda kalah menang.

Jèn saèstoe andika matoer sang Praboe, méndahané
mengsah, dinalih Sé Ljang woes bersih, nora ana dja-
goné ingkang digdaja.

Koela sampoen sedija bala ambantoe, mangga wang-
soel mangsah, wadya sasisaning pati, kinèn tata patjak
baris nempoeh mengsah.

Boten woeroeng Ting San Djin Kwi koela srimpoeng,
poen bapa tan éram." Sa Po Tong sareng miarsi, sigra
tata baris oendang-oendang wadya.

Golong lakoe lawan balané sang wikoe, nem keti
katakhnja, So Jang Sjah kinepoeng malih, sareng katoer
Djin Koe Wi moengkoer bramaty.

XXXIX. Goeroenipoen Sa Po Tong prang
kalijan Ta It Ha.

38. Pangkoer.

Sa Po Tong balané prapta, tengah daloe ngepoeng
bètèng abaris, kang wonten djro bètèng ngroengoe, t²

teg bèri saهران, loehoer bètèng nimbangì bèri goe-
moeroeh, kapireng sang sénapatya, Djin Koe Wi kro-
da mawredi,

Ngandika mring wadya djaga: „Ana paran bendé
bèri tinitir? pirsanana dipoen goepoeh.” Mantri djaga
sandika, sigra lèngsèr ngoewoeh-oewoeh baris loehoer:
„Wong pradjoerit ana paran, loehoer bètèng nitir bèri?”

Atoeripoen wadya-bala: „Wonten mengsah bala Sa
Po Tong dinging, prapta ladjeng baris ngepoeng, soem-
bar aminta lawan, ladjeripoen Dig Pan To Djin Hwi
Pak Swan Soe, goeroené Sa Po Tong mengsah, moegi
katoer sénapati.”

Mantri djaga sigra-sigra, matoer nembah: „Doeh
goesti sénapati, djawi bètèng wonten moengsoeh, nge-
poeng bètèng poenika, bala ingkang kasoran dinging
prangipoen, Sa Po Tong lan goeroenira, Hwi Pak
Swan Soe Dig Pan To Djin.”

Djin Koe Wi asroe ngandika: „Ija betjik bebatang
teka maning, sanadyan endasa sèwoe, ingsoen mangsa
girisa, apa manèh Srinaléndra oewis kondoer. Hèh
mantri sira oendanga, loehoer bètèng ngati-ati,

Sedija goentoer kang katah, goentoer séla goentoer

sram pang djemparing, béndjing-éndjing madjoe poepoeh, moeng daloe djaganana." Matri djaga sigra oendang-oendang poepoeh. Sigeg djro bètèng wong djaga, kotjapa barisan djawi,

Sa Po Tong moenggèng sanggrahan, goeroe kalih pinarak moenggèng ngarsi, Sa Po Tong ngandika aroem: Rèhning mangké woes éndjang, kadospoendi panembahan karsanipoen?" Hwi Pak Swan Soe asroe modjar: „Poen bapa ngawaki djoerit."

Sang wikoe ngrasoek boesana, ngirid wadya tigang èwoe sinelir, mring kori koelon sroe moewoes: „Hèh wong djro bètèng sira, mara énggal matoera sénapatimoe, soen pendita pepetingan, konen me-toek joedamami,

Jèn adjrih pada teloeke, adja kongsi soen bedah bètèng iki, ora woeroeng ingsoen gempoer, lir semoet kerompolan, pira ngèlé ngoesek-oesek oemoer semoet." Wadya matoer sénapatya: „Wonten adjar nantang djoerit."

Djin Koe Wi asroe ngandika: „Hèh pradjoerit sapa kang mangsah dingin? tjekelen adjar koementoes." Ong Ké matoer sandika, sénapati ngandikané manis aroem: „Ngirida nem èwoe wadya, jaji Ong Ké ngati-ati."

Ong Ké angrasoek boesana, ngirid wadya tigang

èwoe gja midjil, angliwati kreteg gantoeng, mangsah ngrana toemingal, kjai adjar moenggèng rana ngoewoeh-oewoeh, pan sarwi nitih toerangga, sikepipoen teken wesi.

Ong Ké mara asroe modjar: „Lah moendoera dawoek jèn arsa oerip, mengko moendak ndasmoe djaboet, Sa Po Tong konen mangsah.” Sang pandita bramatyasroe soemaoer: „Asoe Tong Tya koerang adjar, maraka jèn asrah pati.”

Ong Ké mara sarwi modjar: „Apa sira Pak Swan Soe adjar baring?” Sang panditasroe soemaoer: „Jèn woes wroeh araningwang, banda kendel soegih wani asoe boentoeng, koemaki agé moendoera, moepoeng siradoeroeng mati.

Sénapatimoe kon mangsah, ketanggoengan matèni sira tjloering, hèn sapa aranmoe asoe?” Ong Ké mèsawatjana: „Lamoen sira takon djèwèren koepingmoe, ingsoen andelé Naléndra, bebaoené sénapati.

Ong Ké pradjoerit digdaja, lah ta pajo kembarana prangmami.” Sang wikoe naradjang goepoeh, ramé gebang-ginebang, koewalahen sang wikoe sigra loemajoe. Ong Ké gja noetoeti kebat, sang wikoe djimat pinoesti,

Djedjimat tjepoek kantjana, sakemiri binoewang mring wijati, njremomong dadi sagenoek, tjoemalorot mengandap, sigra ngeproek moerdané Ong Ké oeman-tjroet, Ong Ké niba saking koeda, oetek moentjrat ange-masi,

Wadyané ngreboet koenarpa, wadya moengsoeh ngamoek agolong pipis, wadya Tong Tya boebar laroet, ngoengsi bètèng sadaja, sèwoe langkoeng kang ketaton kang kapoepoe, sampoen katoer sénapatya, Djin Koe Wi bramatyang angling:

„Hèh Ong In Ljok Sing dèn énggal, sekalijan mangsaha ing adjoerit, ngirida wong tigang èwoe, tigasen adjar bangsat.” Noelja malih nimbali Ma Bja Oe goepoeh: „Hèh Ma Bja Oe dipoen énggal, djaganana ingkang djoerit,

Ngirida bala prijangga, dombanana kang samja mangsah djoerit, jèn ana doedoening lakoe, bala kebat oendoerna, lamoen menang sira miloea angamoek, males matèni mring mengsah.” Ma Bja Oe sandika midjil.

Satrija kalih oemangsah, sang Ma Bja Oe kang ndjagèni nèng woeri, Ljok Sing Ong In bareng nempoeh, sami toembak sikepnja, sang pandita kinaroeboet kalih

lawoeng, bingoeng nangkis kèri-kanan, djimat tjepoek gja pinoesti,

Sinawataken mring tawang, tjoemalorot dadya ageng saklenting, toemoeroen lir ndaroe roentoeh, moengsoeh kalih katradjang, moerda moentjrat satrija kalih goemloentoeng, Ma Bja Oe giris toemingal, ngirid bala moendoer ngoengsi.

Mandjing djro kori sadaja, toetoepe kori gja matoer sénapati, Djin Koe Wi bramaty moewoes: „Keparat adjar apa, nora soewé pradjoeritkoe mati teloe, apa si-keping ajoeda, teka anggéram-érami.

Ngloewihi saking digdaja, kaja prijé tandangé tjampoeh djoerit?” Ma Bja Oe nembah oematoer: „Doeh goesti sénapatya, adjar nikoe gadah djimat warni tjepoek, agengé amoeng sakloewak, binoetjal dateng wijati.

Ladjeng ageng sami loempang, anjremomong njlorot toemoeroen nimbis, jèn ngenèni moerda mantjroet, tan kena ingindanan, dados wadya gja koela irid loemajoe.” Sénapati sareng mjarsa, bramaty jajah sinipi:

„Hèh Ma Bja Oe si keparat, ngong pratjaja ndombani ing adjoerit, teka sira ora matoer, jèn ikoe ngang-

go djimat, sawab apa sira sidem baé ikoe? Tjekelen Ma Bja Oe kebat, tigasen moerdané noeli."

Pradjoerit tjawis toemandang, poen Ma Bja Oe tandya tinigas aglis, Djin Koe Wi ngandika aroem: „Sapa para poenggawa, ingkang sagoeh ngembari adjar poenikoe?" Jata sagoenging poenggawa, samja tintrim dantan angling.

Satrija saking ngaldaka, ingkang nami Ta It Ha madjeng ngarsi, matoer mring Djin Koe Wi goepoeh: „Koela tjobi oemangsah." Sik Djin Koe Wi sareng ndoeloe ngandika roem: „Sira ingkang badé mangsah, soen batang jèn mbangkat kardi.

Sira kekasih betara, miwah bisa ngambah dasaring boemi, ngirida wong tigang èwoe." Ta It Ha amit medal, tanpa koeda moeng ngrasoek boesananipoen, pentoeng wesi paring déwa, sikepipoen jèn adjoerit.

Ngirid tigang èwoe bala, madjoe ngrana wikoe awas ningali, mangsah tijang tigang èwoe, samja darat kéwala, tiningalan tanpa ladjer mjang pangandjoer, Hwi Pak Swan Soe gawok moelat, Ta It Ha woes moenggèng ngarsi.

Sarwi mentoeng tanpa moena, Hwi Pak Swan Soe

kagèt sarwi anangkis, aramé geboeg-gineboeg, darat moengsoeh toerangga, Hwi Pak Swan Soe ngiwa-nengen bingoeng riwoet, Ta It Ha kadya sikatan, djeboel ngarep djeboel kéri.

Hwi Pak Swan Soe karépotan, poenang koeda soekoené ingkang wingking, kesabet pentoeng andjoemboel, sang adjar klenggak tiba, agé njandak djimaté binoewang mamproeng, njremomong ageng saloempang, tjoemalorot ladjeng nimbis.

Ta It Ha mandjing pratala, poenang djimat goembroek nimbis siti, sang wikoe gawok andoeloe, mitjara djro wradaja: „Menjang ngendi botjah badjang asoe boentoeng, kenaa moerdamoe moentjrat, bandjoer moesna tanpa lari.”

Ta It Ha goemoejoe latah: „Hèh si adjar ngandelken djimatnèki, mangsa bisa nimbis ingsoen, soen mandjing ing pratala.” Hwi Pak Swan Soe sareng mireng oedjaripoen, gegetoen sarwi watjana: „Lajak pangéran kadjodi.

Ana moengsoeh kang mengkana, bisa moesna bisa ngambah djro boemi.” Sang wikoe anjandak goepoeh, djimat pinoesti ngasta, sarwi ngoewoeh: „Hèh boeng-

kik moentjoela goepoeh, adja énak ngelèng sira, jèn mentjoengoel ingsoen timbis.

Mangsa ingsoen tinggal loenga, menjang ngendi nggonira ngoengsi oerip." Ta It Ha goemoejoe moewoes: „Sira mangsa njandaka, ingsoen ngambah pratiwilir darat agoeng, entènana kongsi modar, ingsoen moendoer noeroet boemi."

Sang wikoe sareng miarsa, langkoeng doeka moendoer makoewon aglis, Ta It Ha sigra mentjoengoel, wadya woes mandjing lawang, sang Ta It Ha kinèn noetoep kori goepoeh, noelja séba sénapatya, Djin Koe Wi ngandika aris:

„Hèh sira mengko kang prapta, kaja ngapa nggènira tanding djoerit?" Ta It Ha nambah oematoer: „Doeh njoewoen ingapoera, adjar nikoe gadah djimat wreni tjepoek, jèn linepas madjeng pjambak, polo moentjrat awor gendis."

XL. Ta It Ha mandoeng djimatipoen adjar Hwi Pak Swan Soe, woesana katjepeng.

39. Dandanggoela.

Sang Ta It Ha atoernja doemeling: „Doeh kijai kandjeng sénapatya, koela mèh tiwas jektosé, nanging

trangginas mangsloep, ladjeng mandjing dasar pratiwi, kirang kedik mèh moentjrat, kénging djimatipoen, lir mimis kebating lampah." Sik Djin Koe Wi miarsa ma-ès-moe giris, langkoeng nggènja soengkawa.

Sik Djin Koe Wi andikané ririh: „Lah moendoera sira makoewona, ingsoen kang mikir tandingé. Hèh poenggawa sedaroem, djaganana kori kang betjik, adja mangsah ing joeda, mandjera lelajoe, gendéra penjapih joeda, lah pasangan adja kerì dèn soembari." Kang kinèn sigra dandan.

Kawarnaa Hwi Pak Swan Soe prapti, ngoewoeh-oewoeh anèng djawi lawang, sarwi ingiring balané, ndoeloe kori tinoetoep, miwah mandjer gendéra saph, goemoejoe latak-latak, sarwi soembar misoeh, saben dina soembar-soembar, tan linawan tigang dinten bolabali, goemoejoe soeka-soeka.

Genti waoe djro bètèng winarni, sénapati Djin Koe Wi soengkawa, mepek poenggawa bek andèr, Djin Koe Wi aris moewoes: „Doeh jaji mas poenggawa sami, apa ana kang bisa, ngréka moengsoeh ikoe, djimaté ngroesakken wadya, loewih ampoeh tan ana wani nadahi, keprijé boedinira”

Oet Ti Djing San oematoer wotsari: „Praos koela djawi poeta toewan, amoeng Ting San oetamané, ke-

kasihé déwa goeng, Sanghjang Ong Ga Lo Tja ngi-dèni, saha sinoengan djimat, sinten ingkang moengsoeh, senadjan adjar digdaja, andelipoen amoeng djimaté setoenggil, masa pada soetanta."

Sik Djin Koe Wi ngandikané ririh: „Mapan ikoe lagja soen koendjara, adja sira remboeg manèh." Neng-gih poenggawa agoeng, samja moendoer amoeng andjagi, Djin Koe Wi sigra njerat, oendang woes ginantoeng, oeniné oendang mangkana: „Sapa sagoeh ngoendoeraken moengsoeh iki, gedé gandjaraningwang.

Miwah katoer marang Sriboepati, bakal ingsoen soewoenaken lenggah, ija satoeroen-toeroené, lan dinar sadasèwoe." Woes misoewoer oendang poeniki, wong djro bètèng sadaja, datan wonten sagoeh, Ta It Ha tjiptaning drija: „Pisan iki poetriné ki sénapati, katekem ngastaningwang.

Tjobi ingsoen sagoehané tandjing, wedi apa ingsoen moengsoeh adjar." Ta It Ha oemarek agé, mring Djin Koe Wi sroe matoer: „Aðoeh kjai djeng sénapati, koela ingkang soemagah, ngembari si moengsoeh, moeng tadah paring padoeka." Sik Djin Koe Wi marwata soeka naoeri: „Sira koeloep kang sagah.

Lamoen njata wani mapag djoerit, njirnakaken djimaté si adjar, soen gandjar kang lawih akèh, miwah

katoer sang Praboe, djoemenenga sira boepati." Ta It Ha mèssem modjar: „Dédé kang poenikoe, pèni-pèni datan arsa, katoer Praboe kawoela datan kepéngin, moeng njoewoen paring toewan.

Amoeng adjrih koela matoer jekti, jèn marengi legah galih toewan, kawoela sagah njirnakké, mengsah adjar poenikoe." Sik Djin Koe Wi naoeri aris: „Ija sira matoera, menèk sira sagoeh, soen gandjar pèni tan arsa, katoer Praboe soen soewoenken sira linggih, sira ja datan arsa.

Matoer apa sira soen lilani, ndjaloek apa soen toeroeti sira?" Ta It Ha mèssem atoeré: „Inggih kawoela matoer, nadyan koela dédé wong tjilik, samja tedak koesoema, kaponakan Praboe, koela mireng poetra toewan, retna dèwi dèrèng patjang palakrami, moegi patjangna koela.

Jèn wis lila kangdjeng sénapati, njoewoen idi koela magoet joeda, ngembari adjar djimaté." Djin Koe Wi sareng ngroengoe, langkoeng rengoe sadjroning galih, mitjara ing wardaja: „Wong wadon kang loepoet, ndadak anakira kenja, koerang gawé kinanti noesoel mring mami, dadi goejoning botjah."

Sik Djin Koe Wi ngandikané bengis: „Botjah badjang koemawawa sira, poetrèngong sira karepké, poetra ma-

tjan anakoe, endi ana olèh lan kirik, sira jèn njata bisa, ngoendoerna kang moengsoeh, Srinaléndra ingkang nggandjar, nora koerang jèn sira koedoe amoekti, adja amoerang tata."

Sang Ta It Ha asroe atoernèki: „Jèn djeng toewan tan pareng poenika, mangsa wontena tijangé, tjoe-manṭaka toh oemoer, ngemping lara anggéndjah pati, sinten kelar anjangga, djimat langkoeng ampoeh." Djin Koe Wi bramaty modjar: „Si bebatang koerang adjar medjanani, tjekelen asoe édan."

Sang Ta It Ha soegal anaeri: „Jèn tan pareng inggih wonten napa, bok sampoen doeka tan wandé, koela mantoek mring goenoeng." Pra prijaji djineman noeli, Ta It Ha ingebjoekan, arsa dèn sarimpoeng, Ta It Ha mandjing pratala, sigra moesna djineman pating paringis: „Doebilah anak sétan."

Sik Djin Koe Wi sareng aningali, amitjara sadjroning wardaja: „Nora talah katoewoné, jèn nora sabar ingsoen, mangké lagja oesoem prang tandjing, mbombong djago kang wignja, mangka ikoe moetoeng, sapa moengsoehé si adjar, djimatira ngadangi wadya pradjoerit, ora ana kang njangga.

Tjoba ingsoen étjanané dingin, apa njata bisa mbangkat karja." Djin Koe Wi alon woewoesé: „Hèh koe-

loep sira wangsoel, soen toetoeri Ta It Ha dingin, soen ngapoera sedaja, moenggoehing sisipmoe, jèn sira sa-goeh sanjata, sira soen daoepken lawan poetra mami." Ta It Ha sareng mjarsa.

Gja mentjoengoel sigra atoer bekti, sarwi matoer: „Inggih sénapatya, jèn padoeka pareng mangké, sang dyah paringna èstoe, pan kapoenði mestaka mami, kawoela atoer sembah, marang marasepoeh." Djin Koe Wi ngempet roeditya: „Ija koeloep soen tarima atoer bekti, keprijé tandangira.

Mapan ingsoen kepéngin oedani, tandangira mangsah ngadilaga, si adjar ampoeh djimaté." Ta It Ha nembah matoer: „Mangké daloe koela pandoengi, djimatipoen si adjar, nadyan loewih ampoeh, kawoela mandjing pratata, jèn si adjar mangké sampoen étja goeling, djimaté koela alap.

Jèn woes kena wasisan ginitik, dimèn modar si adjar poenika, béndjing-éndjing sakarsané, ngong saosken ingajoen, boten wandé adjar ngemasi." Djin Koe Wi sareng mjarsa, soeka ing tyasipoen: „Lah ija koeloep dandana, mengko bengi sira loemakoea sandi, poma dèn mbangkit karja."

Sigra moendoer Ta It Ha miranti, kawarnaa soeroep sanghjang arka, Ta It Ha loemakoe idjèn, waoe ta

lampahipoen, noelja mandjing dasar pratiwi, mandjing pakoewon mengsah. Genti kang winoewoes, Sa Po Tong nèng pasanggrahan, langkoeng soeka dé adjar lanang kang djoerit, matèni moesoeh tiga.

Djroning bètèng adjrih samja giris, toetoepe kori pasang sapih joeda, Sa Po Tong lega ing tyasé, ngatoeri Hwi Pak Swan Soe, abodjana anginoem awis, kalawan poenang djimat, nèng tengah ginantoeng, satengah dahar kotjapa, lampahira Ta It Ha nèng dasar siti, sirep kang soeka-soeka.

Moengoep-moengoep njoengoel saking siti, Hwi Pak Swan Soe weroeh lamoen doesta ndjawil Sa Po Tong woewoesé: „Pangéran wonten pandoeng, nanging koela sampoen oedani, moengsoeh koela ajoeda, waoe koela matoer, pradjoerit katé setoenggäl saged mandjing dateng dasaring pratiwi, poenika lakoe doesta.

Moenggèng siti moengoep aningali, dipoen senggoeh koela tan oeninga.” Sa Po Tong kagèt manahé, ngandika sarwi goegoep: „Kadospoendi nggèn ndika oening, mengsah alampah doesta, mangké njidra oemoer.” Sang wikoe mèsèm ngandika: „Doeh pangéran djengandika étja goeling jèn koela meksih gesang.”

Sigra njandak saratipoen boemi, djimat Kim Kong linepas ing lemah, njandak malih djidjimaté, kang warni

djimat tjepoek, réka-réka datan oedani, wadya boebar sadaja, oempetan kang samoen, Ta It Ha mentjoengoel sigra, sareng ndoeloe si adjar étja alinggih, sedy a mandjing pratala.

Woes kadangan saratipoen boemi, tan toemama mandjing ing pratala, Ta It Ha goegoep manahé, sinawat djimat tjepoek, woes ketjakoep Ta It Ha keni, kaleboe djroning djimat, boedi datan oetjoel, Ta It Ha ngadoeh asambat: „Katoewoné ingsoen iki bakal mati, anèng djroning djedjimat.”

Sang Ta It Ha émoet djroning ati, jèn batara sanghjang Ong Swan Lo Tja, mangkana dinging welingé: „Sira katjepeng moengsoeh, soen paringi tambaknja pati, ran Swan Tan sawabira, loepoet lara lampoes, soen boentel kantong rasoekan. Welingipoen jèn kénging sengkala mesti, koemambang loepoet pedjah.

XLI. Tjin Han badé noeloengi Ta It Ha, wonten ing margi kénging godaning widadari.

40. Maskoemambang.

Sang Ta It Ha nggagapi kantong koelambi, Swan Tan woes tjinandak, anoelja ingemoet aglis, satemah ganggas tan lapa.

Langkoeng soeka Ta It Ha sadjroning ati, moengtan kena medal, djimat tjepoek kang ngantjingi, boedi-boedi nora bisa.

Kawarnaa Sa Po Tong sigra marani, modjar mring pandita: „Panembahan kadospoendi, moengsoeh katé kang digdaja?

Jèn wis njata ketangkep nèng tjepoek adi, bok inggih tinigas, ingingoe badé poenapi?” Hwi Pak Swan Soe aris modjar:

„Karsanipoen doeh pangéran sénapati, nikoe kasih déwa, Ong Swan Lo Tja goeroenèki, nora kena jèn tinigas.

Woes dilalah ketjakoep nèng tjepoek mami, mangsa bisa medal, jèn woes pitoeng dina mati, adjoer loeloeh kang koenarpa.”

Pan sinigeg Sa Po Tong étja kang ati, genti kawarnaa, éndjing Djin Koe Wi winarni, mepak sagoenging poenggawa.

Ngajoen-ajoen ingkang késah lampah sandi, Ta It Ha kang mlampah, kinèn njidra djimat adi, djimaté adjar digdaja.

Sik Djin Koe Wi radja ngalaga prihatin, tjiptané ing drija: „Ta It Ha jèn datan bangkit, nora bisa ngalap djimat.

Bok ijaa sira énggal noeli bali, teka gawé soesah, ngarsa-arsa lakoenèki, bokmanawa sira tiwas.

Jèn katjepeng nora woeroeng dèn patèni.” Sénapati modjar: „Betjik ingsoen ndoeta malih, Dyah Djwan Tong ikoe oetama.

Ingsoen doeta njatakaken lampahnèki, paran kaanana, énak ingsoen ngati-ati.” Jata ngoewoeh-oewoeh sigra:

„Hèh Dyah Djwan Tong madjoea sira soen toeding, mring pakoewon mengsah, ndombanana lampahnèki, Ta It Ha kang lagja doesta.

Apa mati apa oerip kang pinanggih? déné lamoen tiwas, apa manèh jèn kapiting, pesti pinandjer kang moerda.

Lah njatakna énggal sira matoer mami.” Dyah Djwan Tong toer sembah, wahana toerangga midjil, woes prapta pakoewon mengsah.

Oengak-oengak saking djawi kori tebih, tana mandjer moerda, miwah soemjaké wadya lit, pan pinirsa tan katingal.

Sang Dyah Djwan Tong énggal wangsoel mandjing kori, matoer sénapatya: „Datan wonten kawis-kawis, tan wonten pandjeran moerda.”

Sénapati sareng mjarsa atoernèki, langkoeng èmeng drija, arsa ndoeta wadya malih, kesaroe petjalang prap-ta.

Matoer nembah: „Aðoeh goesti moengsoeh prapti, moenggèng ngrana soembar, warni adjar Dig Pan To Djin, ngoewoeh-oewoeh minta lawan.”

Sik Djin Koe Wi ngandikané èsmoe roentik: „Hèh poenggawaningwang, adja ana kang metoni, teloeng dina walingwang.

Dingin adjar djimaté kang mbebajani, iki ana adjar, pesti ja djimaté oegi, andelé ing adilaga.

Sekèh adjar éblis lanat dèn soeroehi, pada adja nglawan, alon-alon dèn prantèni, masang tenger sapih joe-da.”

Sigra masang gendéra panjapih djoerit, jata sang pandita, ingkang nantang-nantang djoerit, toemingal ingkang gendéra.

Asroe latah goemoejoe sarwi ngoendoeri, Sigeg ngadilaga, kotjapa Soeralajèki, Jan Wé Tong ingkang kahjangan.

Kahjangané batara Ong Swan Lo Tjèki, goeroené Ta It Ha, étja pinarak sang resi, woes mirsa ing artja-pada.

Jèn ing mangké sakabat manggih bilai, Ta It Ha kébéka, katjepeng ing moengsoeh sakti, ketoekoep déning djedjimat.

Wantoenipoen djimat La Pwak mbebajani, loewih pitoeng dina, nora énggal soen toeloengi, sida toemèkèng pralaja."

Ong Swan Lo Tja ngandika kinèn nimbali, sakabat sang Tjin Han, kang kinèn sigra loemaris, tan dangoe Tjin Han woes prapta.

Ong Swan Lo Tja ngandikané aroem manis: „Tjin Han wroehanira, toemoeroena poetoe mami, mring So Jang Sjah ngartja-pada.

Doeloerira toenggal goeroe lan sirèki, lir toenggal sawadah, ing mangké manggih bilai, toeloengana dipoen énggal.

Nèng So Jang Sjah nglaboehi Tong Tya nrepati, ngloeroeg negri Sé Ljang, Djin Koe Wi ladjering djoerit, doeloermoe kena ing béka.

Jèn woes kasèp Ta It Ha pesti ngemasi, kaki toeloengana, sira kaki soen paringi, bebrekat ing Soeralaja.

Iki kopjah Tjwan Dyan Bo naminé tjapil, Djip Té É teloempah, iki manèh soen paringi, radjah nawala djedjimat.

Pan kinarja noeloengi kang kenèng pranti, agé toemoeroena, sira ngabdia Djin Koe Wi, ngréntjangana ngrata Sé Ljang.

Pesti lanang djoerité Djin Koe Wi béndjing, kono moektinira, djodomoe poetri kepanggih." Tjin Han noelja matoer nembah:

„Koela njoewoen poekoeloen djarwakna mami, marang ngartja-pada?" Ong Swan Lo Tja mèsèm angling: „Wroehanira poetoeningwang.

Sira oega satrija Tong Tya roemijin, Tjin Hwé Gjog ramanja, sira poetoené Nrepati, kala joeswa tigang warsa.

Ikoe sira soen gawa moenggah mring swargi, iboemoe tan wikan, panrekané moesna lalis, nganti kalih dasa warsa."

Tjin Han boengah oematoer sarwi ngabekti: „Oeloen djimat kopjah, mjang djimat kasoet poeniki, poenapa koewasanira?"

Ong Swan Lo Tja naoeri watjana manis: „Jèn ngagem makoeta, bisa ngembara sirèki, mandjing Soeralaja bisa.

Jèn ngembara sira loewih lawan angin, jèn ngagem teloempah, bisa mandjing djroning boemi, soen paringi manèh sira.

Sikep djoerit pentoeng wesi aran bindi, anggonen jèn joeda.” Tjin Han nembah anampèni, toemoeroen mring ngartjapada.

Sarta ngrasoek boesana djimat peparing, miber wor maroeta, nèng gegana milang-miling, ningali kahjangan éndah.

Bebandjaran petètané warni-warni, Tjin Han remen moelat, lampahé mampir ningali, katingal wonten wanita.

Widadari warnané ajoe linoewih, Tjin Han sroe kasmaran, sigra waoe marepeki, sang dyah aroem dènja modjar:

„Doeh satrija sinten sinambating wangi, poendi kang pinangka?” Tjin Han mèsèm anaeri: „Aðoeh nimas tambet koela.

Koela Tjin Han poetrané Tjin Hwé Gjog ngoeni, goeroe Ong Swan Lo Tja; wong ajoe sinten kang nami, pinesti kepanggih koela.

Jèn marengi soemangga soen emban goesti, begdjané poen kakang." Sang retna mèsèm naoeri: „Keleresan kangdjeng rama.

Miwah iboe mangké saweg dèn timbali, mring hjang maha moelja; nami koela dèwi Ringin." Tjin Han sigra mara ngemban.

Woes pinondong sang ajoe ingarih-arìh, noelja mring papreman, sareng néndra wong kekalih, Tjin Han woes ngratjoet boesana.

Dèrèng kongsi kepadan karsa sang pekik, djinem wangi moesna, sang ajoe datan kaèksi, Tjin Han moengkoer sroe roedita.
